



MOBILIZE POU BENI KOMINOTE NOU AN

JOURNAL PRIYÈ

PRIYÈ POU BENEDIKSYON
LESPRI PANNKOT LA


Jezi te rele disip li yo sèl tè a epi limyè mond lan, li te ankouraje nou pou nou pa pèdi gou nou epi li ankouraje nou pou nou kite limyè nou an briye nan mond lan (gade Matye 5:13–16). Nou pran kòmandman Jezi sa a oserye pou nou se sèl epi limyè nan kominote nou yo. Yo rele nou pou nou vin yon benediksyon pou lòt moun ki bò kote nou.

Èske n ap swiv sa Senyè a rele nou pou n fè a? Èske n ap antre nan kominote nou yo epi pou nou vin yon benediksyon pou pwochen nou yo epi pataje esperans ke Kris la nan nou?

Ti liv sa se yon envitasyon pou patisipe nan twazyèm apèl priyè anyèl Mobilizasyon Mwatye-Milyon Moun lan. Jwenn avèk frè Nazareyen parèy ou yo nan Kanada ak nan Etazini pou priye pou tout Nazareyen tout kote nan mond lan pou Mobilize yo Pou Beni Kominote Nou an. Priye pou enèji Lespri a ale anndan legliz yo kote nou ransanble yo, pou ale nan kominote lokal nou yo pou rankontre moun yo kote yo ye a epi pou li tounen yon benediksyon nan lavi yo.

Nou pral ini ansanm nan lapriyè depi Dimanch Pak 31 mas 2024, Pou rive dimanch Pannkòt 19 me 2024. Ti liv sa a gen senkant ekriti chak jou, refleksyon devosyonèl, ak priyè ke nou tout kapab li, medite, epi priye ansanm. Se pou Senyè a beni travay ou pandan w ap fè travay Senyè a nan beni lòt moun.

www.usacanadaregion.org/pray



MOBILIZE POU BENI KOMINOTE NOU AN

JOURNAL PRIYÈ

PRIYE POU BENEDIKSYON
LESPRI PANNKOT LA

Copyright © 2024 by The Foundry Publishing®
The Foundry Publishing
PO Box 419527
Kansas City, MO 64141

Tout dwa rezève. Okenn pati nan piblikasyon sa a pa dwe repwodwi, estoke nan yon sistèm rekipasyon, oswa transmèt li sou nenpòt ki fòm oswa pa nenpòt ki mwayen—pa egzanp, elektwonik, fotokopi, anrejistremant—san editè a pa bay otorizasyon alekri alavans. Sèl eksepsyon an konsène sitasyon kout nan revizyon enprime yo.

Tout sitasyon Bibliik yo, sof sa yo bay yo, yo te pran yo nan <https://www.fouyebible.com/>

Pibliye an asosyasyon avèk rejyon Etazini/Kanada pou Legliz Nazareyen an

Avan pwopo



Mèsi paske ou rejwenn pakou senkant jou priyè pou mobilizasyon mwatye-milyon soti nan Pak pou rive nan Pannkot. Bondye te fè travay ki pi pwofon yo nan lavi mwen atravè moman priyè san kanpe yo. Nan premye legliz mwen an, yon jèn pwofàn ki rele Rob te mande si nou te ka òganize yon rankont priyè pandan tout samdi a. Mwen se te yon jèn pastè ki te okipe epi mwen te dakò sèlman avèk regrè. Malgre mwen menm, Bondye te fè yon travay pwofon nan lavi mwen jou sa a, epi Lespri li te repann sou legliz nou an nan yon fason espesyal nan sèvis nou te genyen yo.

M ap mande Senyè a pou li fè yon travay pwofon nan lavi w, lektè, ki nan legliz nou an epi atravè legliz nou an nan senkant jou sa yo. Èske w ap rejwenn moman priyè sa a avèk atant sa a?

Tèm pou Mobilizasyon Mwatye-Milyon pou ane sa a se Beni Kominote Nou an. Mwen espere moman priyè sa a pral fè yon travay pwofon nan lavi nou ak nan lavi legliz nou yo pou yo tounen yon fòs pwisan pou beni kominote nou yo pandan ane sa k ap vini an. Moman priyè ki te mennen premye Pannkot Kreyen an te kòmanse konsa nan yon ti chita pale. Jezi te bay disip li yo lòd pou rete tann jiskaske yo te ranpli ak pwisans (gade Lik 24 :49). Men lè jou Pannkot la te rive, prezans piblik, ekstrawòdinè, pwisan Bondye a te fè premye kwayan yo kite etap rete ap tann lan pou pase nan etap kote y ap voye yo a.

Pandan nou rankontre pwisans diven an atravè senkant jou priyè sa yo, se pou Senyè a mobilize tout Nazareyen yo nan linite, sa ap pèmèt nou beni kominote nou yo, mennen moun yo bay Jezi, epi fè yo tounen disip ki sanble ak Kris.

Nou pare! An n kòmanse!

—Stan Reeder

Diretor, Região E.U.A./Canadá, Igreja do Nazareno

Prefas



Soti nan Pak pou rive nan Pannkot 2024 sa fè twazyèm ane depi Legliz Nazareyen nan Kanada ak Etazini reyini ansanm nan lapriyè. Nou pral priye pou pastè yo, pou layik yo, pou tout legliz la, epi tout moun ki pako konnen JeziKri kòm Sovè yo.

Soti Premye Me pou rive dimanch Pannkot 2022, Nazareyen yo te priye pou pwoteksyon, direksyon, ak revelasyon pou Legliz Nazareyen an. Apèl pou lapriyè te swiv apèl pou pran lapawòl. Gras ak inisiativ sa a, Lespri a te konfime trè fò ke nou dwe konsantre nou sou linite, beni, mennèn, ak vin tounen. Bondye tandè epi li reponn priyè pèp Bondye a (gade 1 Jan 5 :14-15).

Soti nan Pak pou rive nan Pannkot 2023, nou te priye pou misyon, vizyon ak estrateji yo pou Legliz Nazareyen an. Yon fwa ankò, Lespri a te pale, li te ranpli kè ak lespri pèp Bondye a avèk kat kri kè ki se fondasyon vizyon rejyonal la jodia :

1. Enpòtans “pou mobilize tout Nazareyen yo nan **linite**,” Nou fè yon sèl nan JeziKri.
2. Rele legliz lokal yo pou angaje nan “**beni** kominote nou yo;” soti anndan legliz nou yo epi ale rankontre moun kote yo ye a, pandan n ap mete konfyans nan favè prevantif Bondye a pou li devanse nou.
3. Nouri kè yo pou “**mennèn** moun bay Jezi” atravè favè Lespri ki sove a.
4. Grandi nan lafwa ak sentete lè w “**vinn tounen** disip ki sanble ak Kris la” atravè favè Lespri ki sanktifye a.

N ap rele estrateji wo nivo a Sik Rezijans lan. Sik sa a se aplikasyon plan anyèl yo pou reyalize vizyon nou jan Lespri a te kominike sa nan yon fason ki emab.



Soti nan Pak pou rive nan Pannkot 2024, *Beni Kominote Nou* an pral sant priyè nou yo. Sa nou mete aksan sou li pou 2024 la se pou legliz lokal yo angaje yo avèk moun ki nan kominote imedya yo nan lide pou pou sèvi yo epi montre yo esperans Kris la pou lavi yo. Beni kominote nou an se kote l kòmanse a. Nou kòmanse fè zanmi, bati relasyon, epi nou okipe nou ak randevou diven ke Senyè a prepare pou nou lè n ap sèvi li.

Jounal priyè sa a gen ladan l tèm chak semèn ki gen rapò ak kri kè pou beni kominote nou an. Chak devosyon chak jou pral konsantre sou yon Ekri ki gen rapò ak ide a. Nou pral priye pou *Sik Rezijans lan: Beni Kominote Nou an*.

Nou ankouraje w pou patisipe! Li epi priye chak jou pandan w ap swiv Jounal Priyè a.

–Jeff Alexander

Direktè Estrateji, Rejyon Etazini/Kanada, Legliz Nazareyen

Premye Jou

Dimanch Pak • 31 Mas 2024



Mak 10:45

Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. Okontrè, si yonn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l sèvi nou tout.

Apèsi sou Ekriti yo

Lanmò sou yon kwa se yon fòm egzekisyon Women yo te konn itilize pou entimide pèp yo te konn venk epi teworize yo jiskaské yo soumèt. Se te yon fason ki bay moun anpil doulè pou yo mouri. Men li te degradan tou. Yo pa t sèlman vle fè moun yo souffri, yo te vle retire onè yo. Konsa, kwa a se te senbòl pwisans militè irezistib Anpi Women an epi yon senbòl wont ak imilyasyon pou sila yo ki te ènmi yo.

Men Jezi te chanje senbòl la. Jezi te chwazi lakwa. Li te mouri paske se la obeyisans li te mennen li. Li te bay lavi l kòm yon ranson pou anpil moun. Jezi te pran senbòl pisans ak imilyasyon epi li te fè l pale de esklavaj ak Sali. “*Se poutèt sa, Bondye leve l mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran pase tout lòt non. Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a. Sa va sèvi yon lwanj pou Bondye Papa a*” (Filipyen 2:9-11).

Lè Bondye te fè Jezi leve soti vivan nan lanmò, se te yon fason pou di se fason sa a ki pi bon. Rezirèksyon an jistifye chemen obeyisans Jezi te chwazi a e li te deklare vrè fason pou gen lavi se lè yon moun sispann rasanble epi kòmanse bay. Soufri de lanmou ak esklavaj “pi piti nan sa yo” (gade Matye 25:40) ka sanble yon demisyon, men nan wayòm Bondye a, ou dwe bese pou monte. Bondye Papa Jezikri, Senyè nou an, pran imilyasyon e li chanje an egzaltasyon.

Priyè Jodi a

Papa, mèsi paske lanmò ak rezirèksyon Jezi montre nou ke pi gwo vi a se vi ki bay pou byen lòt moun. Ede nou bay vi nou nan sèvis wayòm ou an.

Kisa Lespri a di w jodia?

—David A. Busic

Sirentandan General, Legliz Nazareyen an

Dezyèm Jou

Lendi • 1 Avril 2024



Matye 22:37-40

Jezi reponn li: “Se pou ou renmen Mèt la, Bondye, ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou. Se kòmandman sa a ki pi gwo, ki pi konsekan. Men dezyèm kòmandman an ki gen menm enpòtans ak premye a: se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. De kòmandman sa yo, se yo ki fondasyon tou sa ki nan lalwa Moyiz la ak tou sa pwofèt yo te moutre.”

Apèsi sou Ekriti yo

Epi kounye a? Avèk refren Dimanch Pak la k ap sonnen nan zòrèy nou—*Li leve! Li leve tout bon vre!*—Kisa nou dwe fè aprè? Nan yon lòt fason, ki jan nou dwe viv nan limyè kavo vid la? Erezman Jezi reponn kesyon nou yo nan Ekriti yo jodi a.

Premye repons nou pou rezirèksyon Kris la se renmen Bondye ak tout sa nou ye—kè nou, nanm nou, ak lespri nou—pandan nou angaje tout nou menm nan lanmou ak adorasyon Bondye. Men, sa pa fini la, paske Jezi te raple nou tou pou nou renmen pwochen nou menm jan nou renmen pwòp tèt nou. Dezyèm kòmandman an rezime tout sa lalwa ak pwofèt yo te bay sila yo ki renmen Bondye yo lòd pou fè. Dezyèm repons ki apwopriye ak kavo vid la se renmen pwochen nou yo, sa nou te ka rele beni kominote nou yo tou. Kòmandman sa a mande nou pou nou priye pou pwochen nou yo, pou nou wè yo tankou moun ki fèt ak imaj Bondye (menm si yo poko antre nan relasyon ak Kris la), epi pou nou renmen yo san kondisyon.

Konsa, kounye a? Yo rele nou pou nou renmen!

Priyè Jodi a

Bondye lanmou an, mèsi pou kado Pitit ou a, epi pou sakrifis li ak rezirèksyon li! Jodi a nou tout angaje nou pou nou renmen ou. Tanpri ede nou renmen lòt moun tou pou kominote nou yo ka beni.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Joel K. Pearsall

Prezidan, Inivèsite Northwest Nazareyen an (Idaho)

Twazyèm Jou

Madi • 2 Avril 2024



Ezekyèl 36:26–27

M'ap mete lòt santiman nan kè nou. M ap mete lòt lide nan tèt nou. M ap wete tèt di nou an, m'ap fè nou tande lè m' pale nou. M ap mete Lespri m nan nou, konsa m'ap fè nou mache dwat dapre lòd mwen ban nou, pou nou fè tou sa mwen mande nou fè. Na kenbe prensip mwen yo.

Apèsi sou Ekriti yo

Gen dousè nan Ekriti yo jodi a. Repons Bondye bay pou moun ki gen yon kè wòch-. Enplikasyon an sèke nou pa kapab swiv dekrè ak lwa Bondye yo. Lè nou gen yon bezwen pwofon pou transfòmasyon, Bondye nou an ba nou yon kè nouvo. Lè nap lite kont ensansibilite ki anndan nou ke jijman an pwovoke, oto-satisfaksyon, oswa “nou menm kont yo” Bondye retire sa nan nou epi li ba nou yon kè ki fèt ak chè. Yo fè nou kado yon nouvo lespri. Epi se pa nenpòt lespri non, se Lespri Bondye a.

E aprè, kisa Lespri Bondye a fè? Li pèmèt nou vin moun yo te kreye nou pou nou ye a—nan yon bon relasyon avèk Bondye epi nan yon bon relasyon avèk tèt nou epi avèk pwochen nou. Aprè tout sa, dekrè ak lwa Bondye yo konsène relasyon sa yo! Atravè Ekriti yo, nou resevwa lòd pou nou pran swen moun yo majinalize yo, epi Jezi li menm envite nou pou nou renmen ènmi nou yo. Si nou te viv konsa, ala yon benediksyon enkwayab nou t ap ye pou kominote nou yo.

Bondye ki konn bay la gen yon kado pou nou. Èske n ap resevwa l'?

Priyè Jodi a

Bondye, nou bezwen ou. Pou kont nou, kè nou tankou wòch. San Lespri ou nou pa anyen. Geri nou, epi sèvi avèk nou pou beni tout pwochen nou yo pandan n ap viv avèk gras, dousè, epi jenerozite jan w fè l la.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Olivia Metcalf

Sirentandan Distri Nò, Eta New York la

Katriyèm Jou

Mèkredi • 3 Avril 2024



Lik 22:27

Kilès ki pi grannèg: moun ki chita bò tab la, osinon moun k ap sèvi l la? Moun ki chita bò tab la, pa vre? Tansèlman, mwen menm mwen nan mitan nou tankou moun k'ap sèvi a.

Apèsi sou Ekriti yo

Sa pa gen anpil tan, fanmi nou te vwayaje an Florida ou yon avanti nan Disney World. Mwen te kontan lè nou te antre sou plas la, ap gade plizyè milye moun alantou a k ap viv reyalyte a nan yon fason ki diferan nan lide pou yo plonje tèt yo nan imajinasyon pandan yo t ap tann chak eksperyans Disney te ofri yo. Moun yo te chanje pou yon vizit nan Disney World-soti nan fason yo te konpòte yo ak sa yo te mete sou yo. Pandan m vin pi gran, mwen twouve li pi agreyab pou m chita sou yon plas sou yon ban epi obsève pèsonaj yo k ap mache olye m vizite atraksyon yo avèk pitit mwen yo. Epi lè m di “pèsonaj,” mwen pa pale ak moun Disney anplwaye yo-mwen vle di envite yo! Li enkwazyab pou wè ak pwisans atmosfè Disney la ka transfòme yon moun pou li adopte fason “Wayòm Majik” la.

Nan Ekriti jodi a, Jezi fè disip yo sonje rapidman kijan li fasil pou yo konfòme yo ak kèlkeswa “wayòm” nou panche sou li nan moman an. Menm aprè Jezi fin sèvi repa Pak la nan chanmòt la, li pataje siyifikasyon moman sa a, disip yo tonbe imedyatman nan yon mantalite monden pou pouvwa ak pozisyon olye yo rekonèt ke chemen wayòm Bondye a se imilite ak sèvitid.

Pandan n ap chèche beni kominote nou yo, an n sonje egzanp Jezi ak pouvwa enfliyans li pou transfòme lavi nou pou nou refilete chemen wayòm li an nan sèvi moun olye ke yo sèvi nou.

Priyè Jodi a

Chè Senyè, pandan n ap fè efò pou nou beni kominote nou yo, ede nou debarase nou de enfliyans mond lan ki pouse nou pouswiv anbisyon egoyis k ap sabote temwayaj nou an. Transfòme kè nou pou li ka anbrase imilite ak sèvitid, ki refilete imaj wayòm ou an. Gide nou pou nou sèvi lòt moun nan katye nou yo avèk lanmou epi san enterè, jan Jezi te montre l la.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Darren Reed

Pastè Prensipal, Legliz Nazareyen Yon Sèl Espwa (Colorado)

Senkyèm jou

Jedi • 4 Avril 2024



Jan 21:12–13

Jezi di yo, “Vin manje. Yo yonn nan disip yo pa t’ gen kouraj mande li.” Ki moun ou ye? Yo tout te konnen se te Seyè a. Jezi pwoche bò kote yo, li pran pen, li ba yo. Li ba yo pwason tou.

Apès sou Ekriti yo

Jezi se yon mèt nan prepare moun. Nan pi gwo sèn kote nou jwenn vèsè nou yo pou jodi a, disip yo te pase tout nwit lan deyò ap fè sa yo te konnen fè pi byen an—lapèch. Si se te poutèt ensètitud sou objektif yo te genyen nan lavni oswa tou senpleman paske yo bezwen manje, aprè lanmò Jezi, yo te retounen fè sa yo te konnen. Menmsi yo te peche pandan tout vi yo, fwa sa a se te yon echèk total. Aprè sa, Jezi te parèt, li te ba yo enstriksyon epi li te transfòme echèk yo an gwo siksè.

Jezi t ap prepare yo pou li prezante yon lòt fwa objektif li pou tout rès vi yo. Jan li te konn fè sa anpil fwa avan, Jezi te envite zanmi li yo pou yo rejwenn li pou yon repa. Li te angaje Pyè. Pyè, si ou renmen m, pran swen mouton m yo, si ou renmen m, swiv mwen.

Jezi kontinye angaje ou menm ak mwen jodi a nan menm objektif la—premyèman, pou nou vin jwenn li nan yon kominyon entim, epi aprè pou n nswiv li nan misyon li ki se renmen lòt moun epi beni yo nan fason ki pratik nan lide pou pataje bòn nouvel sali total la. Se pou nou obeyisan.

Priye Jodi a

Papa, pandan Jezi atire nou nan kominyon fratènèl epi nan misyon, se pou Lespri w pèmèt nou reponn avèk obeyisans epi ban ou pouvwa pou renmen, epi beni sila yo ki antoure nou atravè zèv ak pawòl nou yo. Nou gen dezi pwofon pou nou pote anpil fwi pandan nou rete nan Kris la.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Steve Ottley

Sirentandan Distri, Sant Kanada

Sizyèm Jou

Vandredi • 5 Avril 2024



Jan 13:14–15

Si mwen menm ki Senyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou yonn lave pye lòt. Mwen ban ou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an.

Apès sou Ekriti yo

Nou gen yon bòn nouvèl pou pataje! Legliz ou a kapab yon legliz ki beni kominote li a! Nou konnen sa ki dèyè ak sa ki devan nou yo pa anyen devan sa ki anndan nou. Nou gen Sentespri (gade Jan 14 jiska 16)! Tout limit nou resanti nan lavi nou se sèlman liy k ap bay direksyon, se pa siy pou nou kanpe. Nou konnen kisa Jezi, pi gwo ewo nou an, rele nou pou nou fè. Nan Ekriti jodi yo li di nou ke li te deja kite egzanp pou nou. Legliz ki beni kominote yo pa egoyis—yo sèvi akòz de lanmou yo gen pou moun yo.

Lè Jezi te gade chanm lan, Jedi swa pandan Pak la, sa fè lontan, li te wè yon gwoup moun ak fyète nan kè yo ak pye yo sal. Konsa, li te montre nou a pati de egzanp sa a kijan li te vle pou nou viv—beni lòt moun, sèvi lòt moun. Li di nou, “Ou dwe fè pou lòt moun sa Mwen te fè pou ou.” Modèl li pou bay benediksyon epi sevi moun nan kominote yo se egzanp li vle nou kreye nan chak legliz nan tout mond lan.

Yon legliz pa bezwen gwo pou li se yon benediksyon! Ansanm, An nou viv nèt ale, an nou kontinye aprann, an nou renmen san gade dèyè, epi an nou kite yon eritaj benediksyon pou kominote nou an nan fason n ap egzèze ministè nou.

Priyè Jodi a

Senyè, nou vle viv nèt ale, kontinye aprann, epi renmen san gade dèyè jodia. Ede nou pou n yon benediksyon pou moun ou mete nan lavi nou. Se pou nou panse ak lespri ou, se pou nou gade ak je ou yo, epi resanti kè ou jodia.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Larry McKain
Sirentandan Distri, nan Sant Chicago

Setyèm Jou

Samdi • 6 Avril 2024



Matye 11:28–29

Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou. Pran jouk mwen, mete l sou zepòl nou. Pran leson nan men mwen. Paske mwen dou, mwen toujou soumèt mwen tout bon devan Bondye. Konsa, n a viv ak kè poze.

Apèsi sou Ekriti yo

Gen yon ewo nan lavi ou merite pou selebre. Nou tout prèske t ap kontan pou nou selebre enfliyan yon moun ki te ankouraje nou sou tout chemen lavi a. Petèt bagay ki pi etonan an se reyalize ke Sovè nou ki leve soti vivan an se li menm ki vin bò kote nou epi ki reprezante pi gwo ewo pou tout tan. Chemen ak desizyon yo ke nou pran nan lavi a ka mennen nou kèk kote ki fè nwa epi ki twouble. Se pou nou gen anvi pou moun ki rele nou ak yon vwa dous se sa k ap rive lè nou ouvri kè nou ba li.

Gras ak travay Kris la, nou kapab vin jwenn li avèk fado lou nou yo. Olye pou nou kraze anba pwa ensipòtab ke lavi a ka pote sou chimen nou, nou kapab pran repo. Repo se pwomès la. Nanm moun ki fatigue yo ap aprann nan men Senyè nou an kijan pou yo navige nan pakou sa a. Imilite ak dousè li redirije nou, li touche nou yon fason kote tout wont disparèt.

Espwa diven an se sa ewo nou an revele nou. Kont move vwa nan mond sa a, nou chanje sèvitid douloure nou an ka pa li a. Wi, sèvitid li a fasil epi chay li a lejè.

Priyè Jodi a

Ba nou defi, Senyè. Ede nou pote chay ou a nan kominote nou yo. Sou chemen an, ouvri je nou sou bezwen moun ki bò kote nou yo. Kenbe nou sou chenmen ki mennen nan glwa w la.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Carla D. Sunberg
Sirentandan General, Legliz Nazareyen an

Uityèm Jou

Dimanch • 7 Avril 2024



Lik 10:37b

Jezi di li, “Ale, fè menm bagay la tou”.

Apèsi sou Ekriti yo

Pawòl pwisan sa yo se yon defi dirèk Jezi te bay nan fen yon istwa ki te vize pou reponn kesyon yon doktè lalwa ki te dabò mande Jezi kisa li dwe fè pou li eritye lavi etènèl. Lè li menm ak Jezi te dakò ke kle a se renmen Bondye epi renmen pwochen li, doktè an te pèsiste, li te mande Jezi kiyès ki te pwochen li.

Se lè sa a Jezi lanse nan yon istwa ki revele yon ewo enkwayab—yon Samariten vin tounen bon moun nan istwa a. Samariten an, kontrèman ak prèt la epi Levit la, se sèl moun ki te rekonèt bezwen an, ki te kouri ale jwenn bezwen an, epi ki te reponn ak bezwen yon nonm yo te vòlè zafè li epi kite li pou li mouri. Jezi reponn kesyon kiyès ki yon pwochen lè li montre sa yon bon pwochen fè. Bon pwochen yo wè bezwen yo, yo ale jwenn bezwen yo, epi reponn ak bezwen yo.

Jezi ap di nou ki jan pou nou beni kominote nou yo—nan fè sa ewo nan istwa a sa a te fè. Gade bezwen an, avanse nan direksyon bezwen an, reponn ak bezwen an. Ale epi fè menm bagay la!

Priyè Jodi a

Jezi, ede nou pou nou vin bon pwochen lè nou gade bezwen yo, avanse nan dieksyon bezwen yo, epi fè nou fè sa nou kapab pou reponn ak bezwen yo nan kominote nou yo. Ansenye nou kisa sa vle di beni kominote nou yo jodi a!

Kisa Lespri a di w jodia?

Reflechis sou Lik 10:25-37 pandan w ap reponn kesyon jodia.

—Wynne Lankford

Pastè Prensipal, Legliz sid (Vijini)

Nevyèm Jou

Lendi • 8 Avril 2024



Pwovèb 19:17

Lè ou bay pòv lacharite, se Bondye ou prete. Se li menm ki va renmèt ou sa.

Apèsi sou Ekriti yo

Pandan etid mwen nan seminè, mwen te travay kòm yon bankye pèsònèl nan yon bank kominotè lokal. Chak fwa yon moun te mande enfòmasyon sou prete lajan, kesyon ki pi enpòtan pou li reponn se te èske moun k ap prete a te gen kredi nesèsè pou soutni demand li an ak kapasite pou li ranbouse.

Otè Liv Pwovèb la vle nou pran konsyans ke sa a pap janm yon kesyon lè nou anvizaje bay tèt nou nan lavi pòv yo. Lè nou bay lòt moun epi nou fè prèv moun ki aji byen anvè sila yo ki nan bezwen, nou pa prete yon moun ki gen Dout sou karaktè oswa ki gen yon Ensètitud pou ranbouse, men yon moun ki gen kredi pafè—Senyè ki kreye tout bagay la, ki toujou ranbouse avèk abondans lajan ak enterè. Nan tranzaksyon divèn sa a, nou ka gen konfyans nan entegrite nan prete lajan an. Papa nou ki nan syèl la pa janm riske fè fayit, epi investisman nou nan wayòm Bondye a toujou an sekirite.

Rekonpans nou an pa p vin sou fòm richès materyèl men sou fòm lanmou, lajwa, lapè, epi yon sans pwofon objektif lè nou rejwenn Bondye kòm patnè pou nou ka wè nouvèl kreyasyon ki t ap viv isit la e kounyea. Konfyans nou nan moun Bondye ye a, nan angajman li genyen anvè jistis, ak fidelite Bondye pou rekonpanse zèv bonte nou yo ta dwe ankouraje nou viv yon fason ki jenere.

Lè ou ofri bonte w ak konpasyon w ak lòt moun, sonje w ap angaje w nan yon echanj avèk pi gwo rekonpans ki depase richès ki sou latè.

Priyè Jodi a

Papa nou ki nan Syèl la, mèsi pou privilèj ou ban mwen ou envesti nan wayòm ou an. Se pou zèv bonte nou yo multipliyè gras ak Lespri ou, e se pou nou kwè nan fidelite w pou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Dale Schaeffer
Sirentandan Distri, Florid

Dizyèm Jou

Madi • 9 Avril 2024



Travay 20:35

Mwen moutre nou ki jan pou n travay di nan tou sa n ap fè pou n ka ede pi fèb yo, pou nou toujou chonje pawòl Seyè a ki te di ak pwòp bouch li: “Gen plis benediksyon pou moun k’ap bay pase pou moun k’ap resevwa.”

Apès sou Ekriti yo

Pòl pa senpleman di nou sa Jezi te di; li di nou tou ke nou dwe sonje li. Poukisa? Paske nou gen tandans pi konsyan de bezwen pèsonel nou yo pase benediksyon nou yo, sa ki rann nou gen mwens chans pou nou jenere anvè lòt moun. Jenerozite ak rekonesans gen lyezon. Nou pa p janm moun ki jenere si nou pa rekonesan. Depi nou rekonesan, nou pap gen pyès difikilte pou nou vin jenere.

Travay benediksyon an se travay pou nou sonje tou: pwovizyon nou te bay la, benediksyon nou te resevwa deja a, gras yo te distribye ba nou gratis la, epi lanmou Bondye ki kouvri nou an. Lè nou sonje Kijan nou te beni, nou vin tounen yon benediksyon pou lòt moun. Gratitud dabò, epi jenerozite ap toujou vin aprè.

Ki jan Bondye te beni w? Ki pwovizyon li te fè? Ki don esprityèl li te bay? Ki opòtinite li te mete devan ou? Ki pwoteksyon li te ba ou? Pa sèlman panse ak sa—di li mèsi pou sa.

Priyè Jodi a

Jezi, dezi nou se pou nou vin tankou w. Ou te bay lavi ou yon fason pou nou pa t bezwen fè sa, epi ou te bay lavi ou pou nou te konnen ki jan pou nou fè sa. Fè nou pran konsyans de travay ou nan lavi nou ke n ap inyore a. Pa kite nou konsève lespri nou tankou yon timoun gate.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Kevin Jack

Pastè Prensipal, Legliz Highland Park (Florid)

Onzyèm Jou

Mèkredi • 10 Avril 2024



Matye 5:16

Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la.

Apèsi sou Ekriti yo

Plis mwen vin pi gran, se plis mwen konprann klè ke limyè ak zèv mwen yo se pa sa Bondye gen nan lespri li nan Ekriti jodi a—men pito zèv li enspire yo, ki emèt limyè li a. Lè nou pa mache dapre Lespri a, ministè kominotè nou yo ka bon, men pa pi bon, an sekirite men pa mayifik, yon fòm divinite men ki pa gen pisans (gade 2 Timote 3:5). Men, Bondye toujou pale. Pafwa yon fason kont-entwisyon, yon fason ki odasye, epi ki pi bon pou emèje.

Evite pwoblèm sekans lan. Pa prepare yon ide ministè òdinè epi atantif epi aprè pou mande l pou li beni l. Mande Bondye sa ki pi nesèsè a, kounye a, isit la? Repons yo ap vini vrèman—souvan womantik, amizan, menm koze laperèz. Se poutèt sa ou pral bezwen konfimasyon (lapriyè, konsèy, Pawòl la).

Egzèsè ministè an deyò zòn konfò ou se egzakteman kote bon zèv ou yo glorifye Papa a. Kouraj ou anvè Bondye se sa ki emèt limyè devan lòt moun. David Brooks ekri, “Ou ta ka panse yon pèsonalite briyan konsa ta fèt pou li viv yon vi san fado, men si ou gade avèk anpil atansyon moun ki gen kè kontan yo, ou remake trè souvan nanm ki pi briye yo te sipòte fado ki pi lou yo.”

Priyè Jodi a

Senyè, nou fatigue ak bon bagay san limit yo. Yo pa menm sanble pote anpil fwi. Mete nou nan ajanda ou. Ki sa nou plis bezwen, kounye a, menm? Tanpri montre nou epi ekipe nou, pou lanmou non ou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Gregg Chenoweth

Prezidan, Inivèsite Olivet Nazareyen (Illinois)

Douzyèm Jou

Jedi • 11 Avril 2024



1 Samyèl 12:24

Gen krentif pou Senyè a Sèvi l tout bon ak tout kè nou. Chonje tout bèl bagay sa yo li fè pou nou!

Apèsi sou Ekriti yo

Bèl ekriti jodi a aktyèlman se yon avètisman pwofèt Samyèl te bay nan yon diskou ki djanm ak pèp Izrayèl la. Anvan sa, jij yo te gouvène yon nasyon, Izrayelit yo te deside ke yo te vle yon wa, jan sa te konn abitye fèt nan nasyon ki antoure yo. Samyèl pa t kontan—Se Bondye sèl ki Wa, li avèti. Epoutan, lè li pote zafè a devan Seyè a, Bondye bay Samyèl lòd pou l bay pèp la chemen yo. Kòm rezilta efè domino a ta pral chanje desten pèp Izrayèl la pou tout tan.

Samyèl konprann byen ke pèp la te chwazi yon fason ki pi piti. Li konnen tou ke Bondye fidèl epi mizèrikòd e li pa p vire do bay pitit li yo. Li predi ke, aksyon nou yo gen konsekans. Men, li kontinye pou li di ke, gen lakrentif pou Senyè a se kòmansman sajès, epi yon moun ki gen bon konprann ap viv ak yon kè rekonesan.

Nou pa tèlman diferan pa rapò ak jodi a. Menmsi nou te bite anpil fwa, nou frape pa lakrentif Senyè a epi demonstrasyon gras li kontinye sove epi sanktifye nou sou chemen lafwa nou.

Medite sou pawòl ansyen chan sa a ke anpil moun jounen jodia konnen:

Èske w te la lè yo te sakrifye Senyè m lan?

Èske w te la lè yo te kloure l sou pyebwa a?

Èske w te la lè Bondye te fè l leve soti nan kavo a?

Pafwa sa fè m tranble, tranble, tranble.

Priyè Jodi a

Senyè, se pou nou viv nan krentif pou ou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Bonnie Perry

Redaktè Rejyonal, Legliz Nazareyen an
Direktè Editoriyal, Fondasyon Piblikasyon an

Trèzyèm Jou

Vandredi • 12 Avril 2024



Sòm 112:4

Nan mitan fènwa a, yon limyè klere pou moun ki mache dwat yo, pou moun ki gen kè sansib, moun ki gen bon kè ak moun ki pa nan patipri.

Apèsi sou Ekriti yo

Nan yon mond kote mal la enpoze l, vi ki brize yo ak sikonstans kawotik yo twò popilè nan kominote nou kesyon an se, Èske nou, antanke Kreyen, ka san enpòtans nan mond ki antoure è nou pwoklame Bondye nou an bon, gen pitye, ak konpasyon?

Lè n ap li Sòm 112:4, nou reyalize ke, Bondye vle pou nou menm jan avèk li nan fason nou ye, li vle tou pou nou menm jan avèk li nan sa n ap fè. Pa konsekan, gen pitye, konpasyon, epi jis ta dwe fè pati esansyèl vi sen nou an menm jan yo se nati pwòp Bondye nou an, ke yo te ekspriye klèman nan Sòm 111 epi 112. Menm jan pawòl la di, “Pitit ti se tig!”

Nou konnen Bondye aktif nan mete lòd nan mond dezòd ki antoure nou an gras ak zak redanmsyon ak konpasyon. Nou menm, antanke pèp Bondye a, nou bezwen gide nan limyè li nan jou nwa sa yo pou nou ka aktif nan lonje lanmen ak beni kominote nou yo ak enkanasyonèl, tanjib, konpasyon ki pote chanjman transfòmasyon ak etènèl pou tout moun.

Priyè Jodi a

Lapriyè nou jodi a an twa: 1) Limyè li a klere nou pou nou vin yon benediksyon pou tout moun menm nan moman ki pi fènwa nou yo; 2) Pou nou entansyonèl pou beni kominote nou yo; epi 3) pou nou fè li ak kè kontan.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Pascal Permis

Fasilitatè Ministè Ayisye yo, Rejyon Etazini/Kanada

Katòzyèm Jou

Samdi • 13 Avril 2024



1 Pyè 4:10

Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt yo sèvis. Konsa, tankou bon jeran, n'a pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay.

Apèsi sou Ekriti yo

Pyè fè nou sonje ke Bondye te kreye nou tout pou akonpli objektif inik epi ekstraòdinè sou tè sa a. Nou resevwa don ak talan ke nou itilize pou byen lòt moun kòm zak obeyisans ak rekonesans. Sèvi lòt moun pèmèt nou akonpli volonte Bondye sou tè a pandan n ap pwoche bò kote l. Lè nou sèvi lòt moun, nou montre kalite yon dirijan sèvitè, menm jan Jezi te fè pandan tan li sou tè a. Avèk imilite, li te reponn ak bezwen lòt moun, li te montre konpasyon epi li pataje esperans Bondye a.

Yo pa ta dwe wè don nou yo tankou yon mwayen pou enterè pèsònèl oswa rekonesans men kòm resous ki gen valè nan avantaj lòt moun epi pou glorifye Bondye. Byen jere gras Bondye a mande pou ou byen ililize kado Bondye ba nou yo pou sèvi lòt moun epi fè yon enpak pozitif sou moun ki bò kote nou yo. Nou pa ta dwe janm kite yo gaspiye oswa kenbe yo pou fè egoyis. Olye de sa, nou ta dwe sèvi ak yo pou gaye lanmou epi esperans Kris la epi pote gerizon nan yon mond ki brize. Pyè ankouraje nou pou nou fè efò pou nou vin tankou Jezi, ki te sèvi lòt moun ak imilite ak gras.

Priyè Jodi a

Mèsi, Papa, pou gras enkwayab ou. Mèsi pou don inik ou te ba nou yo. Ranpli nou avèk kreyativite ou, epi montre nou kijan pou nou sèvi ak don nou yo pou sèvi lòt moun.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Debra Voelker

Kowòdonatè rejyonal NMI nan Etazini/Kanada

Kenzyèm Jou

Dimanch • 14 Avril 2024



2 Korent 5:20

Se sak fè mwen pale nan non Kris la menm ki te voye m', tankou si se Bondye menm k'ap pale nan bouch mwen pou di nou: tanpri, nan non Kris la, tounen vin byen ak Bondye ankò.

Apèsi sou Ekriti yo

Youn nan pastan m se pou m repare vye machin ane 1960 jiska 1970. Pandan Mwen renmen chanje pyès ki wouye pou mete lòt pyès klasik ki bèl, sa pran m anpil tan travay. Lè mwen pa konnen Kijan pou mete kèk bagay oswa pou repare l kòrekteman, Mwen souvan gade leson patikilye sou youtube. Youtube se gran espas pou aprann nouvo bagay, men mwen te remake li pi fasil pou gade videyo pase pou fè travay la!

Nou aple pou nou ale legliz, li Bib nou, epi grandi esprityèlman, men pafwa nou gen entansyon bliye pwofite de sa nou te aprann pou pote transfòmasyon pou moun ki bò kote nou. Ekriti jodia montre ke Bondye pa yon obsèvatè pasif, epi li pa t rele nou pou n konsa tou. Bondye ap sipliyè moun—li sipliyè moun avèk ijans pou l kapab konvenk yo—e li vle fè sa atravè nou menm! Bondye ap angaje kominote nou an avèk istwa epi eksperyans nou yo pou pwouve ke transfòmasyon an reyèl.

Ou pa dwe yon obsèvatè pasif. Pran tout bagay ou te aprann antanke disip Jezi epi itilize l pou angaje lòt avèk anpil pasyon epi pou transfòme vi yo!

Priyè Jodi a

Papa Bondye, ede nou kenbe pasyon w pou moun ki pèdi yo. Fè apèl ou a atravè lavi nou. Pwofite tout bon bagay ou te envesti nan lavi nou yo pou angaje kominote nou an pou Kris la.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Reggie Phillips

Direktè pou fè Disip, nan Legliz Southside (Vijini)

Sèzyèm Jou

Lendi • 15 Avril 2024



Matye 28:18–20

Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.

Apès sou Ekriti yo

Li pa sifi pou renmen Bondye. Dezi kè nou se pou nou viv lavi nan obeyisans ak kòmandman dirèk Jezi yo. Ekriti jodi a dekri relasyon ak transfè otorite Papa a bay Jezi, ki se te modèl yon vi obeyisans nan kè Papa a. Sou otorite li, Jezi te ba nou yon kòmandman dirèk pou nou fè kat bagay: ale, fè disip, batize, epi anseye. Jezi se pòt lagras ki ba nou aksè ak Bondye ki te fè yon chemen pou Lespri li a abite nan nou.

Papa m te nan lame, epi eksperyans sa a te fòme vizyon li sou mond lan epi relasyon li avèk Papa a. Mwen te gen plezi pou m temwen l ki t ap viv anba otorite Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an depi lè m te gen senkan. Èske w konnen yon moun k ap viv sou yon baz pou li gen aksè ak enfòmasyon, kwè nan direksyon Sentespri a, espesyalman nan kontèks fè relasyon ak fè disip? Fè disip rive fèt nan kontèks fè relasyon, epi relasyon yo evolye sou baz konfyans.

Se pou pwofondè relasyon nou avèk Sentespri a enfòme relasyon nou ak lòt moun. Se pou w viv lavi sou yon baz pou n gen aksè ak enfòmasyon, anba otorite Papa a, Pitit Gason an, ak Sentespri a—paske se sèlman moun ki obeyisan ki ka anseye lòt moun pou yo obeyi.

Priyè Jodi a

Jezi, ou se pòt ki bay aksè pou ale nan glwa papa a. Avèk egzanp ou, Jezi, ak kado Sentespri ou, Ede nou renmen, kwè, epi obeyi ou, konsa y ap konnen nou kòm moun ki gen lanmou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Irene Lewis-Wimbley

Misyonè manb pèsonèl, Premye Legliz Nazareyen Pekin
Direktè, Sant Komimote Southside (Illinois)

Disetyèm Jou

Madi • 16 Avril 2024



Ezekyèl 34:26

M ap fè yo rete tout bò ti mòn ki apa pou mwen an. M'ap beni yo, m'ap ba yo bèl lapli lè pou lapli tonbe.

Apèsi sou Ekriti yo

Nan Nòdwès Ozetazini, nou konprann presipitasyon sou plizyè fòm: vapè dlo, farinen, wouze, gwo lapli, lapli sou kote wout, lapli ki tonbe anpil, ak inondasyon. Sepandan, yon ane nou te gen sèlman yon sèl jou bwouya, ak dife te ravaje rejyon an, kite anpil santèn moun san kay. Nou te pèdi espwa nan rete ap tann lapli a. Pafwa lavi espirityèl nou ka vin sèk, kote nou sèlman ka fè eksperyans yon farinen detanzantan nan prezans Bondye. Kòm nou bezwen yon nouvo ekoulman, glwa Senyè a pou vide benediksyon Bondye sou nou!

Mwen renmen pwomès Bondye te fè nan dezè peyi Izrayèl la pou pote gwo lapli benediksyon, rezilta yo nou ka wè menm jodi a. Gwo lapli grandi fwi ak lòt rekòt; yo koupe swaf; yo lakòz bèl flè fleri. Yon syantifik te teste dlo nan twa kouran dlo nan Rivyè Jouden an pandan l te antre nan Lanmè Mòt la epi li te jwenn nouvo sous dlo fre k ap koule. Se konsa, menm tè a ki anba tè a temwaye gwo lapli benediksyon Bondye yo.

Nou bezwen prezans Senyè a pou kouvri nou anwo a, pou li soufle sou kote a, epi pou li monte sou chak pa nou fè. Se pou laglwa Senyè a ranpli nou konsa ke nou pa ka evite voye lapli benediksyon lanmou Bondye sou tout moun.

Priyè Jodi a

Senyè ki gen pitye, tanpri devèse w nan prezans sen ou a pou ranpli nou yon lòt fwa jodi a. Ranpli legliz nou yo, pou nou ka yon benediksyon pou kominote nou yo. Ede nou bay devèse lanmou ou epi pran swen vwazen nou yo ak kominote yo.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Kelli Westmark

Pastè Prensipal, Legliz Nazareyen nan Lincoln City (Oregon)

Dizwityèm Jou

Mèkredi • 17 Avril 2024



Ebre 10:24–25

Se pou nou yonn veye sou lòt pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou, pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen. Pa pran egzanp sou moun ki pran abitud pa vin nan reyinyon nou yo. Okontrè, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, koulye a pi plis pase anvan, paske nou wè jou Seyè a ap pwoche.

Apèsi sou Ekriti yo

Nan mond nou an jodi a, gen yon tandans pou nou wè lafwa nou nan sa nou resevwa olye nou konsidere ki jan nou kapab beni. Lè legliz la konsantre sou tèt li olye l konsantre sou lòt moun, nou gen plis difikilte pou konvenk mond lan pou di yo ke Jezi renmen yo.

Poukisa w ale legliz? Èske w konsidere tèt ou, oswa èske w konsidere tou kijan pou ankouraje lòt moun? Vrè kominote a pas antre sou bezwen nou yo sèlman. Vrè kominote a se lè nou konsidere bezwen lòt moun yo anvan bezwen pa nou yo. Kisa ki t ap pase si manb legliz nou yo te vin plis konsène sou lòt moun olye de tèt pa yo? Nou pa ta p janm manke inite, epi nou t ap toujou gen moun ki gen raj pou sèvi moun!

E si bezwen endividyèl ou yo pa satisfè lè w konsidere lòt moun? E si nou jwenn yon vrè sans pou tèt nou lè nou dabò renmen lòt moun? Panse ak legliz ou a. Panse ak relasyon ou genyen avèk frè epi sè nan legliz ou a. Reflechi sou fason ou kapab ede lè ou rasanble moun, oswa èske ou sèlman reflechi sèlman sou pwòp bezwen ou? Si ou konsantre sou tèt ou, nou pral gen difikilte pou nou rankontre ansanm. Si ou konsantre sou lòt moun, ou ka pa janm vle rate yon rasanbleman.

Tout sa posib; li sèlman mande pou fè chwa entansyonèl pou plase avan tèt nou. Siw santi ou gen difikilte pou ale legliz, e gade si chanje nan fason ou ta renmen ale legliz tou.

Priye Jodi a

Papa, ede nou pou nou moun k ap ede lòt moun olye ke nou enkyete de pwòp tèt nou. Ansenye nou kijan pou nou renmen nan fason w renmen an. Montre nou kijan pou nou sakrifye lavi nou pou benefis lòt moun.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Wendell Brown
Sirentandan Distri, Sant Nò Ohio

Disneyèm Jou

Jedi • 18 Avril 2024



Kolòs 1:28

Konsa, m'ap fè tout moun konnen Kris la. M'ap bay tout moun konsèy, m'ap moutre yo tout bagay avè bon konprann, jan m' kapab pou yo tout ka parèt devan Bondye tankou granmoun ki byen grandi nan lavi y'ap mennen ansanm ak Kris la.

Apèsi sou Ekriti yo

Li se sèl moun nou pwoklame! Jezi. Alfa e Lomega. Kòmansman epi lafen. Bon gadò nou an, limyè mond lan, rezireksyon ak lavi. Li se moun nou pwoklame.

Byenke idantite Jezi lajman defini gras ak nati lavi li, li pi klè pou nou konprann sa atravè lanmò li ak rezireksyon li. Se sa nou pwoklame. Sou kwa a, Jezi te pran tout fòs fènwa a epi li te fè l tounen yon mouvman lanmou diven. Sou kwa a, Jezi te anbrase tout kalite peche imen nou yo epi li te mete yo nan yon esfè gras diven. Sou kwa a, Jezi te soumèt ak volonte Papa a epi, aprè sa, li te libere anpil prizonnye.

Kwa a se pa lafen. Okontrè, se kòmansman lafwa; sa montre gwoès gras li epi li revele lanmou ki pa janm fini Bondye a pou limanite. Kavo vid la pwouve ke fènwa pa ka simonte limyè a. San rezireksyon an, kwa a t ap yon lamò san espwa.

Rezireksyon an se douvanjou nan yon nouvo maten epi esperans pou yon nouvo maten k ap vini. Nou pwoklame ke yo kloure Granmèt la sou kwa e leve soti vivan an, ki soutni nou kòm pen ki bay lavi a, pou chak moun ka gen matirite nan Kris la. Se li menm nou pwoklame!

Priyè Jodi a

Senyè, vin jwenn nou jodi a. Mennen nou gras ak Lespri w ki bay lavi nan tout verite pou nou nou ka jwenn ou pandan n ap medite sou Pawòl ou. Ba nou pouwwa pou temwaye pisans ou tout kote nou ale.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Simone Twibell

Pwofesè Asistan Etid Entèkiltirèl, Inivèsite Nazareyan Olivet (Illinois)

Ventyèm Jou

Jedi • 19 Avril 2024



Efezyen 3:10–11

Men koulè a, avèk legliz la, tout chèf ak tout otorite ki nan syèl la pral rive konnen bon konprann Bondye a sou tout fòm li yo. Bondye ajì konsa dapre plan ki te la depi lontan an. Se plan sa a li reyalize nan Jezikri, Seyè nou an.

Apès sou Ekriti yo

Sa chokan, pa vre? Nou òdinè. Poutan, nou tout ki se disip Jezi yo, nou resevwa yon konfyans enkwayab pou nou fè chèf epi otorite yo ki nan syèl la konnen sajès Bondye a! Lè move chèf ak otorite yo chèche divize epi detwi limanite, temwanyaj nou an deklare otorite final nan syèl la, ki se Jezi. Nou temwaye ke objektif etènèl Bondye a deja reyalize. Objektif sa a se, pou tout tan, pou ini tout bagay nan syèl la epi sou tè a (gade Efezyen 1:10).

Koute, Legliz: nou kolabore lè nou ini tout bagay nan Kris la lè, levanjil la an antye te motive nou, nou soti nan espas nòmal nou yo epi nan kominote nou yo. Nou pale avèk pisans non sèlman ak chèf men ak otorite ki nan syèl la, men tou ak moun ki sou tè a. Lè w mache sou doulè epi pote touche gerizon Kris la, objektif etènèl li reyalize nan yon vi alafwa. Lè n fè fas ak lagè, grangou, maladi, dejwe ak opresyon, nou gen nan tèt nou espwa ki pote lapè, libète ak lanmou.

Ki kote ou pral pote lespwa jodia?

Priyè Jodi a

Senyè Jezi, nou onore ou jodia. Se pou Lespri pisan w lan kontinye fè nou sonje ke pawòl ak aksyon nou yo pote lespwa epi fè moun konnen sajès ou, sou tè a ak nan syèl la. Ede nou viv fidèlman nan kwayans sakre sa a.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Julie O’Hara

Direktè Pwogram, Predikasyon ak Kolaborasyon Legliz Nazareyen an

Venteyinyèm Jou

Samdi • 20 Avril 2024



Jak 1:27

Men jan pou nou sèvi Bondye Papa a, si nou vle sèvi l' yon jan ki dakò ak volonte Bondye, yon jan ki bon tout bon devan li: SE pòte sekou bay timoun ki san papa. Se bay vèy yo lasistans lè yo nan lafliksyon. Se pa mele nan move bagay k'ap fèt sou latè pou nou pa pèdi kondisyon nou.

Apèsi sou Ekriti yo

Kijan n ap fè konnen si yon moun se jwè baskètòl? Kijan n ap fè konnen si yon moun se yon balerin? Ebyen, yo jwe basketbòl, epi yo jwe balè. Nou konnen yo gras ak sa y ap fè.

Jak pa di nou jwenn sali nou gras ak travay. Nou pa ka touche sali nou an. Li gratis pou tout moun ki mete lafwa yo nan Jezi. Men, si n ap swiv Jezi tout bon vre, n ap fè sa Jezi fè. Jak ap raple nou ke vrè disip Jezi yo pral sousye de bezwen lòt moun epi yo pa swiv chemen egoyis mond nan.

Gen kèk moun ki te akize Jak paske li te twò atache ak yon tewoloji baze sou zèv, kòmsi nou te kapab genyen wout syèl la gras ak sa nou fè. Jak pa di sa. Jak di, si nou se disip Jezi, nou pral fè sa Jezi fè.

Kijan n ap fè konnen si nou se vrè Kreyen, si nou vrèman disip Jezi? Nou jwe baskètòl, epi nou fè balè! Euh... Mwen vle di, nou swiv chemen Mèt nou.

Priyè Jodi a

Senyè, egzamine kè nou. Ede nou wè moun ki nan bezwen ki bò kote nou. Se pou nou pa izole nan mond lan. Olye de sa, se pou nou swiv ou kote ki brize yo, kote ki solitè yo, kote ki izole, kote ki gen lakrentif, kote ki gen bezwen nan mond lan bò kote nou epi egzèse ministè nan non ou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Jim Bond

Sirentandan Distri, kansas

Venndezyèm Jou

Dimanch • 21 Avril 2024



Lik 10:33

Hommes, yon moun peyi Samari ki t'ap vwayaje sou menm wout la rive bò kote nonm lan; kè l' fè l' mal lè li wè nonm lan.

Apèsi sou Ekriti yo

Jis se sa doktè a te preskri! Nan Lik 10:33, Jezi ap pataje istwa Bon Samariten an. Doktè Lik soulinye yon pwèn nan pasaj sa a ki pale avèk nou ankò jodi a: Samariten an te wè epi li te gen konpasyon. Konpasyon se pa sèlman yon santiman—li se yon aksyon tou. Mond lan gendwa santi yo regrèt, men konpasyon pou kretyen yo oblije aji—menm anvan moun nou pa konnen, oswa petèt ak kèk moun nou pa menm renmen.

Yon pati nan istwa sa a soulinye reyalyte Jwif ak Samariten pa t renmen youn lòt. Poutan, yon bon Samariten gen je pou li wè yon moun ki nan bezwen. Liwè yon moun ki vrèman diferan de li menm – epi li aji. Li pa sousye de kisa lòt moun pral panse. Li pa sousye de konbyen sa ka koute li. Li konnen sa pa sèten.

Kompasyon pa sèten. Sa pa depann de nou, epi sa ka koute chè. Petèt se egzakteman sa doktè a te di a.

Priyè Jodi a

Ba nou je pou nou wè ak kouraj pou nou aji konsa n ap ka beni kominote nou an.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Jay Height

Direktè Egzekitif, Sant Kominote Shepherd

Venntwazyèm Jou

Lendi • 22 Avril 2024



Jak 5:14

Si yon moun nan nou malad, se pou l rele chèf reskonsab yo nan legliz la. Y a lapriyè pou li, y'a pase lwil sou li nan non Seyè a.

Apèsi sou Ekriti yo

Pou Jak. Kominote ideyal la se sa ki te pran Bondye oserye. Yo te mete lafwa yo an pratik. Yo te reziste anba tantasyon, yo te simonte eprèy yo epi yo te pran swen vèy, òfelen ak malad yo. Yo te manifeste lafwa yo pa mwayen zak jantiyès, zak lagras, ak zak lanmou. Se te yon kominote ki te anime pa sa Jezi te rele pi gwo kòmandman an—renmen Senyè Bondye nou an epi renmen pwochen nou. Jak vlope lèt li a ak priyè lafwa, nan kòmansman kou nan lafen, li sijere ke priyè lafwa se ekspresyon natirèl lafwa pou tout moun ki kwè—menm si li malad, menm si li nan toumant, oswa nan moman jwa.

Nou ankouraje pou nou mande ansyen yo pou yo wen epi priye pou malad yo. Rezilta, dapre Jak 5:15–16, se pral gerizon ak padon. Sa yo se engredyan ki nesèsè pou mond dezespere epi k ap mouri nou an. Antanke moun ki pote prezans Bondye Tou Pisan an, legliz la ta dwe viv Pawòl Bondye a avèk kran. Fè priyè lafwa pou geri moun ki malad esprityèlman ak fizikman se yon ekspresyon eksteryè de yon konfyans enteryè nan Bondye ak nan pouvwa li. Se legliz la k ap viv byen wo epi byen wo e byen fò avèk kran pou Kris la.

Priyè Jodi a

Senyè, ba nou kè ki gen konpasyon pou moun ki pèdi ak moun ki brize yo. Ba nou kouraj pou nou viv Pawòl ou a byen wo e byen fò. Nou dezespere pou nou wè kominote nou yo, vil nou yo, epi katye nou yo gen konesans sali Jezikri a epi resevwa gerizon.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Alshandra Visagie

Direktè Egzekitif, Cactus Ministè Nazareyen yo nan (Texas)

Vennkatriyèm Jou

Jedi • 23 Avril 2024



Ezayi 30:18

Sepandan, SEYÈ a ap tann lè pou l fè nou gras. Li tou pare pou l'gen pitye pou nou, paske Seyè a, se yon Bondye k'ap toujou fè sa ki byen! benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan li.

Apèsi sou Ekriti yo

Ekriti jodi a pataje anpil bagay sou karaktè Bondye. Nan nwayo nati Bondye a, li gen pitye, li gen konpasyon epi li jis! Mwen panse ou ta dakò ke Bondye prezante l ba nou nan yon fason akablan. Non sèlman nou pa merite lanmou ki kontinye pouswiv nou an, men li gen anpil dezi pou li renmen nou konsa vre.

Lè Mwen panse ak dezi, Mwen sonje lè Mwen te kòmanse koze ak madanm mwen. Li te swiv apèl Bondye epi li te an misyon pandan yon ete nan yon vil ki lwen mwen. Se te yon ete ki te long ki te kreye lakay mwen yon dezi pou m te touprè li ankò. Li te toujou nan lespri mwen, epi Mwen te reòganize anplwa tan mwen an, pandan m t ap tann apèl li yo. Mwen te viv pou apèl dis-minit sa yo.

Li difisil pou kwè ke Bondye vle pase tan avèk nou. L ap tann avèk enpasyans pou yo pase tan avèk nou. Mwen rekonesan paske Bondye ki te kreye nou ak tout bagay ki bò kote nou renmen m nan fason sa.

Priyè Jodi a

Papa, mèsi pou gras ou, konpasyon w, ak jistis ou. Ou bon anpil pou nou! Ede nou resevwa lanmou ou genyen pou nou epi, atravè Sentespri w, pwolonje menm karaktesistik sa yo bay moun ki bò kote nou yo.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Kevin Donoho

Pastè Prensipal, College Olathe Legliz Nazareyen (Kansas)

Vennsenkyèm Jou

Mèkredi • 24 Avril 2024



Kolosyen 3:12

Nou tout nou fè pati pèp Bondye a: se li menm ki te renmen nou, ki te chwazi nou pou n' ka viv pou li. Se poutèt sa, se pou nou gen kè sansib anpil, pou n' aji byen yonn ak lòt, san lògèy, avèk anpil dousè, anpil pasyans.

Apèsi sou Ekriti yo

“Sa w mete sou ou di kiye ou ye.” Omwen, se sa papa m te di lè li te konn abiye. Sa mwen pa t konnen sèke li t ap repte sa Mark Twain, Mark Twain t ap parafrase Shakespeare, e Shakespeare t ap repete sa ansyen filozòf Erasmus, Erasmus t ap parafrase yon ekriyen ki pi ansyen toujou ki rele Homer. Ki moun ki te konnen rad pou abiye yo te gen yon afilyasyon ak fason moun setyèm syèk Anvan JeziKri yo te konn abiye.

Ke w vle l ke w pa vle l, literati syantifik ak pwòp eksperyans pèsònèl nou yo montre ke sa nou mete sou nou gen enpak sou fason lòt moun wè nou. Nan mond nou an nou abiye pi kontrakte de jou an jou, epi kalite rechèch sa a sanble depase. Men note sa: nan etid syantifik yo, yon moun ki mete blouz blan laboratwa ap bay pi bon rezilta pase yon moun ki kalifye tou men ki an sivil. Anfèt sa gen tout bagay pou wè avèk kominote nou an. Fason nou prezante tèt nou enfliyanse fason lòt moun wè nou.

Mwen pa sijere ke rad nou pral fè nou pi bon sèvitè Kris la, men m ap ankouraje nou tande pawòl Pòl te di nan Kolosyen 3 pou “abiye tèt nou ak konpasyon, jantiyès, imilite, dousè epi pasyans.” Lè nou “abiye” konsa, sa montre nou vrèman, jan Pòl di a, “nou sen e byenemè”.

Kèlkeswa rad ou mete, se pou w abiye avèk fwi Lespri a. Aprè sa w ap tounen yon benediksyon pou kominote ou a.

Priye Jodi a

Senyè Jezi—ou menm ki te abiye tèt ou ak lachè pou ou ka rive jwenn nou—pèmèt nou abiye tèt nou ak jistis ou, pou nou kapab yon benediksyon pou kominote nou yo.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Sam Barber

Sirentandan Distri, Sant Sid Ohio

Vennsetyèm Jou

Jedi • 25 Avril 2024



2 Korentyen 1:3–4

Ann fè lwanj Bondye ki papa Jezikri, Seyè nou an, Papa ki gen kè sansib la, Bondye ki toujou la pou ban nou ankourajman an. Li ankouraje nou nan tout lapenn nou, konsa nou menm tou nou ka ankouraje moun ki nan tout kalite lapenn lè n'a ba yo menm ankourajman nou te resevwa nan men li an.

Apèsi sou Ekriti yo

Mwen te grandi avèk yon opresyon kwonik, se yon maladi kote vwa respiratwa nan poumon ou yo ratresi epi ak likid. Respirasyon an vin difisil, epi ou santi gwo presyon nan pwatrin ou. Lè mwen te yon ti gason mwen te panse ke gen yon ti elefan ki te chita sou pwatrin mwen. Yo souvan rele epizòd opresyon yo “kriz.” Anpil nan kriz sa yo te fè paran m yo mennen m nan sal ijans pou soulaje m de gwo sentòm sa yo. Erezman, lè mwen te gen dizwit lane, Mwen te simonte pi move pati nan maladi sa, menm jan ak timoun ki souffri opresyon yo.

Nan nan ane mwen te pase nan inivèsite yo, Mwen te kòmanse sèvi kòm yon esponsò pou kan timoun distri Nazareyen yo. Youn nan kriz nou te premye jwenn, se te yon jèn gason ki te gen yon grav atak opresyon. Lòt esponsò yo te vin anraje, yo pa t konnen ki jan pou yo reponn, sa a sèlman te ogmante enkyetid moun ki t ap souffri a. Pwiske m te kapab byen idantifye sa l t ap andire a, mwen te kapab kalme l, rekonfòte l epi m te kapab bay moun ki t ap sipèvize kan an kèk konsèy pou tretman.

Bondye ki bay tout konfò a konnen tout presyon nou santi nan lavi nou yo. Li wè atak n ap fè fas yo. Li avèk nou epi li pou nou nan chak moman ki lou e douloure nou yo. L ap ede nou soti ladan yo, epi ba nou gras pou ede lòt moun fè fas ak menm pwoblèm yo t ap andire yo.

Si w santi w gen presyon sou lavi w jodia, mande Bondye konfò pou li ba w fòs. L ap ba w fòs —e aprè sa nan moman pwoblèm yo, li pral ekipe w pou fè menm bagay la pou yon lòt moun.

Priyè Jodi a

Senyè, ou konnen ak sa n ap fè fas jodia. Tanpri se pou fòs nou, boukliye nou, epi rekonfò nou. Epi Senyè, si w konnen gen yon moun k ap fè fas ak presyon lou lavi jodia e bay moun sa nou ka pote rekonfò w ak prezans ou. Montre nou kiyès yo ye. Voe nou jwenn yo avèk lanmou epi konpasyon.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Jeffrey Johnson
Sirentandan Distri, Sid Texas

Vennsetyèm Jou

Vandredi • 26 Avril 2024



Filipyen 2:3-4

Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou. Piga pesonn chache enterè pa l' ase. Se pou l' chache sa ki bon pou lòt yo tou.

Apèsi sou Ekriti yo

Kiyès ki vin nan lespri w lè ou panse ak yon moun nan lavi w ki toujou mete enterè lòt moun anvan enterè pa yo? Mwen imajine moun w ap panse avèk li a enspire w epi ankouraje w pandan pakou w nan lavi a epi ke bondye itilize yo pou repann konpasyon ak lanmou pou anpil lòt moun sou wout la. Enpak nou ka genyen sou lòt moun lè nou mete prensip sa a an pratik nan lavi nou vrèman pwofon!

Defi ke nou tout dwe leve se aksepte sa, olye ke kite pwòp egoyis ak ògèy nou pote nou ale, nou apè pou nou veye sou bezwen lòt moun. Si nou prè pou nou mete avèk tout entansyon nou atitid imilite ak konpasyon yo an Pratik nan lavi nou chak jou, nou pral kapab atenn objektif nou yo epi pou nou se on benediksyon pou kominote nou yo.

Nou gen opòtinite pou nou fè yon gwo enpak nan lavi moun ki anotoure nou yo. Kisa ki monte nan lespri w lè yon moun panse avèk ou?

Priye Jodi a

Bondye, nou di w mèsi pou konpasyon ak lanmou ou gen pou nou. Ouvri je nou sou bezwen lòt moun epi ede nou pou n yon benediksyon pou kominote nou yo jodia.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Tim Fisher

Pastè Prensipal, Legliz Kominotè Crossroads (Indiana)

Ventuityèm Jou

Samdi • 27 Avril 2024



Sòm 116:5

Senyè a gen pitye, li jis; Bondye nou an gen kè sansib.

Apèsi sou Ekriti yo

Panse ak kiyès ou te wè jodia. Mwen te wè moun ki t ap fè egzèsis (Finalman mwen te ale pou kont mwen). Mwen te wè zanmi doktè jwif mwen ki t ap konseye fidèl li yo. Mwen te wè piti fi mwen, li te kontan paske l te fè yon bèl nòt nan matematik. Mwen te wè yon fanmm ansent, li gen dizwit lane, li se manman de pitit. Mwen te wè yon imigran ki soti Filipin. Mwen te wè de dam ki gen katreven lane ki t ap sèvi kongregasyon yo a. Mwen te wè yon alkolik.

Kisa w te tande? Mwen te tande enkyetid nan vwa moun yo. Mwen te tande ri pandan kèk moun ap sèvi. Mwen te tande chagren pandan ke moun t ap fè fas ak desizyon difisil. Mwen te tande padon.

Sòm jodia raple nou ke Bondye merite pou nou adore l pou mizèrikòd li, jistis li, ak konpasyon li. Bondye nou an montre nou gras li e li kenbe pwomès li yo! Nan kat premye premye vèsè yo, salmis la montre ke Bondye tande twa fwa. Bondye nou an wè epi tande sitiyaasyon an epi li vle chanje l. Vèsè sa a tou sèvi yon rapèl pou nou wè avèk Bondye epi tande avèk zòrèy Bondye moun nou rankontre yo.

Kijan Mwen ka montre konpasyon pou pitit mwen yo pandan ke yo gen difikilte pou fè devwa lekòl? Kijan Mwen ka montre solidarite anvwè moun ki gen lafwa diferan yo? Kijan Mwen ka montre konpasyon pou manman ki adolesan yo? Kijan Mwen ka montre konpasyon pou imigran nou rankontre yo nan restoran nou yo, lekòl nou yo, magazen epis nou yo ak nan evènman sansibilizasyon lègliz nou yo?

Priyè Jodi a

Papa, ouvri je nou ak zòrèy nou yo pou nou wè sa ou wè a epi tande sa ou tande a. Nou konfese ke twò souvan nou prese. Ede nou pou nou kalme nou epi pou nou se men w ak pye w; Se pou nou ofri konpasyon.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Ismael Flores

Pastè Prensipal, Legliz Nazareyen Rio Valley (Texas)

Ventnevyèm Jou

Dimanch • 28 April 2024



Lik 10:34-35

Li pwoche kote l, li vide lwil ak diven sou blese l yo, li panse yo. Apre sa, li mete nonm lan sou bèt li te moute a. Li mennen l nan yon lotèl kote li pran swen li. Nan denmen, li rale kòb nan pòch li, li bay mèt lotèl la, epi li di li: Okipe nonm sa a pou mwen. Lè m tounen isit la ankò m'a renmèt ou tout depans ou va fè anplis pou li.

Apèsi sou Ekriti yo

Nan istwa Jezi rakonte konsènan Bon Samariten, Samariten ki t ap swiv chèf relijye a ki te gen chans epi pa t reyisi beni nonm viktim lan ki te sou bò wout la. Bon Samariten sa a te vin yon referans kout nan zafè renmen lòt moun. Li te ekspriye enkyetid san reflechi. Li wè yon bezwen, epi li reponn avè l. Li te ekspriye jenerozite l nan bay bon swen li yo—yo te panse plè yo, yo te transpòte l, yo mete l nan kay epi ba li manje, li te peye tout depans sa yo. Sa rele jenerozite.

Samariten an pa aji selon jijman pèsonèl sou valè nonm lan te genyen. Li pa soti nan bon ras, nan bon relijyon, li pa gen mwayen pou ranbouse—e petèt li byen merite blesi yo, pa gen moun ki konnen. Petèt Samariten sa a te resevwa yon gras abondan. Moun ki te resevwa gras abondan yo gen plis chans pou yo fè gras. Moun sa yo vwayaje atravè lavi avèk yon “kit swen” gras epi yo tou prè pou yo bay swen. Antanke moun k ap resevwa gras Kris la, nou ta dwe prepare pou beni lòt moun.

Apèl nou pou ane sa a se pou beni kominote nou an, ki gen ladan l moun ki gen bezwen reyèl yo. Mwen byen kontan Jezi te peye tout bagay pou nou.

Priyè Jodi a

Se pou nou menm jan ak bon Samariten an. Se pou nou gen je pou nou wè bezwen yo, men pou nou sèvi lòt moun, mwayen pou nou reponn avèk Jenerozite, epi kè k ap viv lavi nou nan lanmou pou lòt moun konsa pou lòt moun ka wè Jezi.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Virgil Askren
Sirentandan Distri, Colorado

Trantyèm Jou

Lendi • 29 Avril 2024



1 Korentyen 15:58

Konsa, frè m' yo, kenbe fèm, pa brannen. Se pou n' toujou pi cho nan travay Seyè a, paske nou konnen travay n'ap fè pandan n'ap viv ansanm ak Seyè a p'ap janm pèdi.

Apèsi sou Ekriti yo

1 Korentyen 15 se yon diskou majistral sou rezireksyon Kris la, sa ka tante nou lè n ap li yo, imajine ke Pòl pral mete fen avèk chapit teyolojik avèk mo tankou: *Pa dekouraje paske gran esperans lan ap tann nou nan vi ki gen pou vini an.* Poutan, Pòl pa t fè sa. Olye de sa, li fè yon bagay ki pi bon, ki se konekte esperans fiti nou avèk responsabiltè prezan nou. Sa se gwo nouvèl pou nou paske Pòl di ak tout ewo ak ewoyin envizib nan lafwa yo ke sa nou fè nan Senyè a isit la gen anpil enpòtans.

Yo pa di nou egzakteman Kijan Bondye pral pran ti sèvis epi lanmou nou yo epi transfòme yo, men nou ka asire nou ke Bondye nan yon fason oubyen yon lòt Bondye pral trese tout sa nou te janm ofri bay Bondye sou tapi laglwa nouvo kreyasyon Bondye a. Rezireksyon Jezi a, Pòl di, ke sa se prèyè ke Bondye pral fè egzakteman sa li te di a!

Mèsi, Pastè Pòl. Ala yon pawòl akourajan pou yon legliz ki pa t ka tann pou tande l. Travay nou nan Senyè a, gwo oswa piti, enpòtan isit la epi pou letènite.

Priyè Jodi a

Bondye Tou Pwisan ki ranpli legliz ou a avèk pwisans rezireksyon an, ranpli nou jodia yon lòt fwa ankò e ankò avèk yon esperans ki vivan ki kenbe kwayans enfayib ke travay nou nan ou e pou ou a pa anven.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Gabriela Rodriguez

Pastè Prensipal, Trinite Legliz Nazareyen (Oklahoma)

Tranteyinyèm Jou

Madi • 30 Avril 2024



Efezyen 2:10

Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou, dapre sa li te pare davans pou nou te fè.

Apèsi sou Ekriti yo

Karakteristik ki define nou yo se —talan nou, tanperaman nou, epi karaktè inik nou—yo pa rive pa aza. Bondye te kreye nou sou mezi. Nan Kèk tradiksyon nan Efezyen 2:10 Pòl deklare ke nou se chedèv Bondye. Tèm Grèk la se *poiema*—rasin mo Kreyòl nou an se “powèm.” Yon powèm enkane elegans nan fason nou reflechi pou n pwononse mo yo, dispozisyon estriktire, ak fason nou ilize pou chwazi mo yo. Rit nan chak liy epi seleksyon chak mo ki ini pou anrichi konpreyansyon an jeneral. Kreyasyon atistik sa yo reflekte ekspètiz powèt la, objektif li, ak atansyon li pote sou detay yo.

Sa Bondye konn fè a evidan nan nou chak paske li sèvi ak kapasite diven li yo pou fòme karakteristik nou yo epi ba nou aprans inik ak kapasite nou yo. Pòl mete aksan sou plan Bondye a pou nou se pa yonrefleksyon segondè. Olye de sa, se yon plan, ki te fèt anvan tan an te kòmanse, “avan kreyasyon mond lan” (Efezyen 1:4).

Aksepte karaktè inik ou an antanke travay Bondye, chedèv Bondye, epi sèvi ak li pou eklere kominote w la. Talan ak kapasite diferan w yo se yon kado ki fèt pou pataje. Kit se Atravè atizay, lidèchip, konpasyon oswa entèlijans, kontribisyon w yo kapab enspire lòt moun, ankouraje inite, epi vin yon benediksyon tanjib pou moun ki bò kote w. Ou fèt sou mezi!

Priyè Jodi a

Papa nou ki nan Syèl la, antanke zèv presye ou yo, se pou nou, reyalize ke ou pa renmen nou paske nou gen valè. Olye de sa, se pou nou wè ke nou gen valè paske ou renmen nou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Rob Beckett

Pastè Prensipal, Premye Legliz Nazareyen Shepherdsville (Kentucky)

Tranndezyèm Jou

Mèkredi • 1 Me 2024

Galat 5:13

Kanta nou menm, frè m' yo, Bondye te rele nou pou n' te ka gen libète nou. Sèlman, pa pran libète a sèvi eskiz pou nou viv dapre egzijans lachè. Okontrè, se pou nou yonn sèvi lòt nan renmen nou yonn gen pou lòt.

Apèsi sou Ekriti yo

Grandi, Mwen te toujou ap reve yon pou mwen te vin yon adilt. Mwen te renmen lide pou ale nenpòt kote mwen vle, manje nenpòt bagay mwen te vle, e chwazi lè pou m ale dòmi paske 9:00 pm te rive trè vit pou yon ti gason ki gen dis lane ki gen anpil enèji. An menm tan an, mwen pa t okouran tou bil paran mwen yo te dwe peye oswa èdtan yo te pase dechifre fonksyonman asirans. Mwen te vle avantaj ki genyen lè w adilt san responsablite yo ki te vin avè l.

Nan pasaj jodi a, Pòl envite lektè yo pou yo konsidere responsablite ki genyen nan avantaj libète Kris la. Libète Jezi ba nou an, olye de yon kado pou sèvi pwòp tèt pa nou pou nou senpleman jwi, ta dwe pouse nou nan sèvis lanmou. M ap poze kesyon èske nou souvan konsidere libète Kris la bay la kòm yon siksè olye de yon responsablite. Èske nou vle avantaj libète Kris la ba nou san responsablite ki vin avè l yo? Lè nou anbrase libète Kris la, nou dwe non sèlman jwi avantaj yo, men tou nou dwe rekonèt epi aji sou responsablite ki vini avèk li yo. Petèt sa se esansyèl nan kesyon Pòl poze a: èske nou vle abandone rekonfò pou nou sèlman jwi libète Bondye a epi aksepte responsablite youn sèvi lòt nan lanmou?

Priyè Jodi a

Seyè, ou te rele nou nan yon lavi libète. Ede nou rekonèt ki kote libète w vin tounen yon reyalizasyon ki sèvi pwòp tèt ou olye ke yon otonòm pou sèvi. Nou envite Sentespri w pou dirije nou jodi a ak tout moun nou rankontre.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Yhoshua Ticum
Koneksyon Pastè, Legliz Naz la (Ohio)

Tranntwazyèm Jou

Jedi • 2 Me 2024



Jak 1:22

Se pou nou fè tou sa pawòl la mande nou fè. Pa rete ap koute ase. Lè sa a, se pwòp tèt nou n'ap twonpe.

Apèsi sou Ekriti yo

Pa gen anyen tankou bon manje. Sant lè manje a prèske kwit kite yon gou ke nou pral renmen byento. Bote yon repa ki te kwit nan yon fason atistik oswa ki te kwit nan fou bay antisipasyon. Sèl pwoblèm nan se, kèlkeswa jan manje a ta enkwayab epi satisfèzan, pa gen anyen ki ka nouri nou nan èdtan k ap vini yo. Sa nou pa ka evite, grangou pral parèt ankò, epi ankò, epi ankò.

Menm si objektif prepare manje a se pou manje, chèche yon nouvo resèt se fason pou kòmanse pwosesis la. Li resèt la ka enspire w, men yo pa pral satisfèzan si w pa mete yo an aplikasyon. Olye de sa, resèt yo fèt pou vin yon plan, yo enfòmè nou sou engredyan pou n mete ansanm yo, tan ki pran nan preparasyon, epi etap li mande pou kreye yon bèl bagay pou manje.

Menm jan an tou, Pawòl Bondye nan paj la ka vin yon sous enpirasyon —men li pa konplè. Okontrè pawòl sa yo vin yon plan, ki enfòmè panse nou ak aksyon nou yo, tan ke sa pran, ak etap nesèsè pou transfòmè pawòl ak panse sa yo nann reyalite ki tanjib. Epi, menm jan avèk yon bon manje, Pawòl Bondye a bay plis satisfaksyon lè yo envite lòt moun pou yo pataje sa yo fè ak nan sa yo pran plezi yo. Pi bon pase yon bon repa, mete Pawòl Bondye a an aksyon sa fè efè dirab.

Priye Jodi a

Bondye ki gen mizèrikòd, se pou pawòl ou enspire nou pou nou kreye resèt diven pou verite wayòm ou an. Gid nou pou planifye, pou ajì, epi pou envite lòt moun pou rejwenn bon travay ou a. Elimine tout obstak yo, epi libere nou pou yon obèyisans ki bay lajwa.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Julie Cheney

Pastè Prensipal, Legliz Nazareyen Tulare (California)

Trannkatriyèm Jou

Vandredi • 3 May 2024



Women 12:1

Frè m yo, jan m ta renmen wè jwif yo sove! Jan mwen pa manke lapriyè Bondye pou yo!

Apèsi sou Ekriti yo

Anseyan pou fè disip. Ti gwoup lidè. Ekip teknik ak medya. Direktè medya sosyal. Lis travay pou fè legliz la pa janm fini, epi li ka fè nou trè okipe.

Ekriti jodia se toujou vèsè solid mwen lè Mwen te okipe nan fè travay Senyè a. Se yon rapèl pou chak jou nou gen pou n viv, nou dwe sakrifye pwòp santiman nou, dezi nou, ak bezwen nou yo avèk èd Bondye Tou Pisan nou an. Tandans natirèl sa yo ka sèlman vini anba kontwòl nou lè nou ofri tèt nou bay Bondye nan yon fason ki sen epi ki fè w plezi. Sa vle di nou vini avèk yon bon lespri epi ak yon mantalite ki onore Senyè a.

Nou kapab yon benediksyon pou divès kominote nou yo lè nou prezante lavi nou chak jou kòm yon vrè adorasyon apwopriye. Fason nou viv ansanm, fason nou youn sèvi lòt, ak fason nou trete lòt moun se yon reprezantasyon vrè adorasyon apwopriye nou an. Lè nou se yon sakrifis vivan nan kominote nou an, nou kapab montre ke fason nou fè sa n ap fè a enpòtan menm jan ak sa n ap fè.

Priyè Jodi a

Senyè, ede nou viv yon fason sakrifisyèl pandan n ap soumèt nou nan chemen w lan. Nou vle vin yon benediksyon nan kominote nou yo pou wayòm ou an ka vini e pou volonte w fèt pandan n ap viv nan yon fason ki sen e ki fè w plezi.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Cassandra Trotman

Responsab Kilt, legliz Nazareyen nan Lwès Orlando Metro (Florida)

Trannsenkyèm Jou

Samdi • 4 Me 2024



Ebre 13:16

Pa bliye, se pou nou fè sa ki byen, se pou nou yonn ede lòt. Se ofrann konsa ki fè Bondye plezi.

Apèsi sou Ekriti yo

Ekriti jodi a fè nou sonje pou nou fè sa ki byen epi pataje avèk lòt moun. Rekòmandasyon sa a vini imedyatman aprè yo fin ankouraje lektrè a pou li toujou ofri bay Bondye sakrifis louwanj—fwi lèw ki fè konnen non l.

Kisa ki pi enpòtan? Louwe oswa fè kilt? Adore oswa zèv? Lè nou mete sa yo ansanm, otè a montre nou esansyèlman yo se de fas ki nan menm pyès monnen an. Li pi bon pou louwanj sensè yo swiv zèv ak jenerozite yo anvè lòt moun. Zèv sèvis nou yo revele verite posasyon lafwa nou. Tou de enpòtan.

Nou resevwa nan adorasyon yon fason pou nou kapab rann sèvis. Nou ankouraje nou pou nou ofri sakrifis louwanj ak adorasyon ansanm ak sakrifis bon zèv ak jenerozite. Avèk sakrifis sa yo, Ebre deklare, sa fè Bondye plezi! Sa a se yon bon nouvel. Adorasyon enpòtan. Legliz enpòtan. Zèv sèvis yo enpòtan tou, e yo soti natirèlman nan adorasyon nou yo. Youn pa konplè san lòt la.

Atravè Jezi, epi nan non Jezi, nou rele pou nou ofri sakrifis louwanj kòm yon kominote adorasyon ansanm ak bon zèv entansyonèl nan sèvis ak jenerozite nan pi gwo kominote nou an. Nou beni pou nou vin yon benediksyon.

Priyè Jodi a

Jezi, mèsè paske w envite nou pou n fè pati fanmi ou. Nou renmen adore ou. Mèsè paske w envite nou pou rejwenn nan kominote a pou pataje lanmou w avèk lòt moun. Beni kominote nou yo atravè nou menm.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Mark Lindstrom
Sirentandan Distri, Nò Arkansas

Trannsizyèm Jou

Dimanch • 5 Me 2024



Kolosyen 3:17

Tou sa n'ap fè, tou sa n'ap di, fè l' nan non Seyè Jezi a, san nou pa janm bliye di Bondye mèsì nan li.

Apèsi sou Ekriti yo

Pòl di nou ta dwe fè tout bagay nan non Jezi. Olye de sa, nou gen tandans fè misyon nan non legliz lokal nou an, denominasyon nou an, oswa kèk lòt fason kote nou distenge tèt nou de lòt kretyen yo. Legliz la, pafwa te konn, koze domaj nan non Jezi nan fason nou zele pou nou pote mond lan ba li. Malerezman, kèk aksyon legliz la te fè nou gen yon move repitasyon. Men, malgre tou Jezi kenbe bon karaktè li.

Te gen yon chanjman ki pa tèlman sibtil nan kilti legliz la ki vini nan avantaj pwoklamasyon bòn nouvèl la nan non Jezi. Souvan nou pral senpleman prezan nan mond lan, nou pral plen konpasyon, nou pral beni kominote nou yo avèk jistis, epi fè bon bagay osi souvan ke sa posib--san fado oswa responsabite pou pwoklame Jezi.

Nazareyen yo kwè ke pwoklamasyon, prezans (pwoksimite), ak pite rann levanjil la efikas! Pòl raple nou pou nou di moun yo voye nou ke Jezi te voye nou e se li menm sèl ki ta dwe jwenn louwanj pou lavi ak aksyon misyon nou pratike yo.

Priyè Jodi a

Papa, ede nou pwoklame Jezi lè nou renmen epi viv pami moun ki bezwen w avèk enpasyans. Lè nou ale beni kominote nou yo, fè nou gen kouraj epi pou nou pa wont pwoklame moun ki voye nou an.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Mark Bane

Direktè, Evanjelizasyon ak Devlopman Nouvo Legliz, Rejyon Etazini/Kanada.

Trannsetyèm Jou

Lendi • 6 Me 2024



Matye 9:36

Lè Jezi wè tout bann moun sa yo, kè l' fè l' mal pou yo paske li wè yo te bouke, yo te dekouraje, tankou yon bann mouton san gadò.

Apèsi sou Ekriti yo

De nati, Mwen se yon moun ki konn rezoud pwoblèm. Sa fè pati konstitisyon biyolojik mwen menm jan ak travay mwen fè. Mwen vle ede. Konsa lè yon moun montre m oswa di m yon bagay ki kase, natirèlman Mwen vle mete m o travay epi bay lide sou fason pou ranje l. Dabitid, Mwen eseye fè dyagnostik premyèman pou bagay yo pase mal avan mwen lanse m nan yon rezolisyon. Men pafwa, Mwen bliye ke chak pwoblèm Mwen rankontre gen yon vizaj oswa de vizaj ki mache avè l. Jezi pa janm bliye sa. Lè li wè yon pwoblèm, li konnen gen yon moun ki brize nan yon lòt sans.

Ekriti Jodi a di nou ke li “te gen konpasyon.” Mo Grèk nan tradiksyon Anglè a se *splanchna*, ki fè referans avèk “pati enteryè nou yo”-Trip nou yo. Konsa nou ka parafraze vèsè sa a konsa: “Lè Jezi te wè foul moun yo, zantray li te fè l mal!”

Nan lide pou beni kominote mwen an, Mwen panse ke zantray mwen dwe fè m mal pi plis pou doulè Mwen wè bò kote m.

Priyè Jodi a

Papa nou, Jezi atire nou pi plis toujou. Se pou nou wè moun menm jan ou wè yo jodia, se pa antanke pwoblèm pou rezoud men antanke moun pou beni. Se pou nou kondwi tout moun k ap swiv nou avèk yon doulè nan zantray nou pou moun ki santi yo anmède epi ki san èd.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Brett Rickey
Sirentandan Distri, Oregon Pacific

Trantuityèm Jou

Madi • 7 Me 2024



Sòm 86:17

Seyè, moutre m' jan ou vle m' viv la. M'a toujou obeyi ou nan tout sikonstans. Moutre m' jan pou m' sèvi ou avèk krentif.

Apèsi sou Ekriti yo

Lè David te gen difikilte nan lavi li, li te vle rete yon fason pou yo ansenye l, fleksib, epi adapte ak plan Bondye yo. Nou remake ke nan Ekriti jodi a David te sonje ke li pa t twò saj nan pwòp je pa li. Kontrè yon kè ki ini se yon kè ki divize, ki ba nou plizyè opsyon, kèk ladan yo pa fè Bondye plezi. Èske david te ka admèt ke kè li gen yon gwo lit? Dezi David nan lapriyè se te pou li gen yon kè an antye, lwayote sengilye anvè Bondye li a.

Lè Jezi te poze kesyon sou pi gran kòmandman an, Jezi reponn li: Se pou ou renmen Mèt la, “Bondye, ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou” (Matye 22:37). Yon kè ki totalman konsantre epi devwe se sa Bondye vle e se sa l ap chèche nan nou.

Priyè Jodi a

Bondye, nou mande w kounyea pou mete yon fen ak gwo lit k ap dewoule nan kè nou. Nou mande w pou ta ba nou imilite epi yon dezi pou wè klè volonte w nan lavi nou. Nou di w mèsi pou fidelite w anvè nou epi nou mande w pou ba nou kè ki an antye ki pa p fè anyen ke fe w plezi.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Brian Wiesinger
Pastè Prensipal, Legliz Lakwa (Colorado)

Trantnevyèm Jou

Mèkredi • 8 Me 2024



Lik 15:20

Li leve vre, li pran chemen tounen kay papa li. Msye te byen lwen kay la toujou lè papa a wè li. Kè papa a fè l' mal, li kouri al Rankontre l', li pase men l' nan kou pitit la épi li bo li.

Apèsi sou Ekriti yo

Bondye plis pase yon jij ki deside pini nou pou aksyon nou yo oswa yon fòmètè k ap eseye amelyore pèfòmans nou. Kè Bondye se menm jan ak yon paran ki renmen, ki pran plezi, epi ki gen anpil anvi pou pitit li yo. Jezi ap eseye ede nou wè ke sa se nati fondamantal kreyatè nou an. Bondye se jij ak fòmètè, wi, men li pi wo pase tout—Bondye se papa ki renmen nou an.

Anvan pitit gason pèdi a te netwaye konpòtman l, li te chanje kè l, oswa anvan l te repare tout erè li te fè yo, papa a te wè l, li te gen anpil konpasyon e li te resevwa l avèk kè kontan. Lè pitit Bondye yo pèdi wout, Bondye anvi nou pou nou tounen. Lè ke papa a te wè pitit gason an t ap kouri vin jwenn li, papa a pa t ezite kouri rès wout la pou rejwenn pitit gason l. Papa sa a renmen epi pran plezi nan pitit gason li an. Bondye nou an renmen epi pran plezi nan nou!

Si nou kòmanse kite verite sa a koule nan kwayans entèn nou menm jan ak nan kè Kreyatè nou an pou nou, sa pral fè yon gwo enpak sou fason nou wè tèt nou ak fason nou wè lòt moun yo. Bondye anvi ou libere de kondanasyon pwòp tèt pa w epi kondanasyon lòt moun yo.

Priyè Jodi a

Senyè, ede nou aksepte le fèt ke ou renmen nou. Nosyon sa a repouse wont nou ak kondanasyon pwòp tèt nou. Nou pa diy, men ou menm ki konnen nou pi byen epi ki renmen nou pi byen tou. Se pou nou resevwa epi simaye totalman gras enkwayab sa a.

Kisa Lespri a di w jodia?

—David Goodwin

Pastè Lajènès, Legliz Nazareyen Sant

Karantyèm Jou

Jedi • 9 Me 2024



Pwovèb 3:5-6

Mete tout konfyans ou nan Seyè a. Pa gade sou sa ou konnen. Toujou chonje Seyè a nan tou sa w'ap fè. Li menm, l'a moutre ou chemen pou ou pran.

Apèsi sou Ekriti yo

Mwen mache pou m fè egzèsis pandan tout lavi m, dabitid mwen mache anpil kilomèt nan kominote kote m ap viv la. Sepandan lè mari m avèk mwen te deplase pou ale nan nouvo presbitè legliz nou an. Mwen te deside pwofite de gran lakou a epi mache nan yon sèk tout sou kote lakou a, Kòmsi se te yon tras. Mwen pa t konnen ke Senyè a t ap gide m nan chemen pou m beni kominote mwen.

Pandan m t ap mache sou kote lakou a, Mwen te rankontre vwazen m yo epi mwen te kòmanse ap pale avèk yo. Pafwa, trant minit mache mwen yo te konn chanje an inèdtan mache akòz tout konvèsasyon vwazen mwen yo. Aprè yon tan, konfyans nou te bati, e mwen menm ak mari m te deside òganize yon repa sou katye a. Vwazen yo te reponn pozitivman, e tout envite yo te vini; gen kèk menm ki te mennen lòt vwazen. Pandan yon foul ki gen venteyen moun te chita sou galri dèyè an pandan mari m t ap prepare babekyou anba gwo lapli, nou te kreye yon souvni epi relasyon nou te solidifye pou glwa Senyè a ke pwochen pastè a te kapab kontinye fè sa.

Si w prè pou beni kominote w la, se pou w mete konfyans nan Senyè a, nan konesans li a, pral rann chemen ou yo dwat—oswa nan fòm wonn, selon bezwen an.

Priyè Jodi a

Senyè ouvri je nou sou opòtinite pou beni kominote nou yo ki nan men nou. Ban nou kouraj pou nou fè sa ou montre nou pou glwa ou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Debra White Smith
Fanm Wesleyèn lan (Texas)

Karanteyinyèm Jou

Vandredi • 10 Me 2024



Filipyen 1:6

Mwen sèten Bondye ki te konmanse bon travay sa a nan nou, li gen pou l' kontinye l' jouk li va fini l' nèt, lè jou Jezikri a va rive.

Apèsi sou Ekriti yo

Jezi pwomèt disip li yo Sentespri a nan Jan 14:16: *M'ap mande Papa a pou l' ban nou yon lòt moun pou ankouraje nou, pou li ka toujou la avèk nou, se Sentespri k'ap moutre nou verite a.* Doktrin Biblik la ak doktrin Wesleyen an deklare ke gras Bondye Atravè JeziKri gratis pou tout moun. Sentespri ap travay pou konvenk mond peche a epi ofri gras Sali Jezi a. Aprè yon moun fin resevwa Jezi, se yon lòt travay lagras—sanktifikasyon pa Sentespri—disponib pou kwayan an. Sentespri a se yon konpayon fidèl ki soutni nou nan pakou lagras k ap grandi jiska jodia lè nou pral reye avèk Jezi pou letènite. Avèk Ekriti jodia, apot Pòl asire tout kwayan yo ke Bondye alèy nan lavi nou Atravè Sentespri li, k ap konplete sa Jezi te kòmanse.

Priyè Jodi a

Mèsi, Jezi, pou Sentespri ou. Sentespri, ki fè nou anvi konnen w pi byen. Tanpri, gide nou epi anseye nou nan Pawòl Bondye a kijan pou nou vin pi sanble ak Kris la. Nou remèsye ou paske w ap travay nan lavi nou pou pwodwi fwi Lespri a.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Roberto Hodgson

Direktè Ministè Minikiltirèl, Rejyon Etazini/Kanada

Karantdezyèm Jou

Samdi • 11 Me 2024



Efezyen 4:32

Okontrè, se pou nou aji byen yonn ak lòt, se pou nou gen bon kè yonn pou lòt, pou nou yonn padonnen lòt, menm jan Bondye te padonnen nou nan Kris la.

Apèsi sou Ekriti yo

Nan yon mond ki plen ak kè sote ak divizyon, ekriti jodi a sèvi kòm yon limyè gid pou fè nou sonje enpòtans pwofon jantiyès, konpasyon, ak padon nan lavi nou chak jou. Li ankouraje nou kite doleyans nou, resantiman, ak jijman nou yo, chwazi senpati ak padon pito. Nou aple pou n akeyi lòt moun epi priyorize byennèt vwazen nou yo pase pou nou priyorize pa nou yo ansanm ak pwòp dezi nou. Lè nou fè prèv jantiyès ak konpasyon, non sèlman nou geri blesi lòt moun, men tou nou envite repare pwòp kè nou ak pwòp vi nou.

Li fasil pou jwenn eskiz pou kenbe kòlè, rankin, oswa anmèt im. Olye de sa, se pou nou gen bonte ak konpasyon youn ak lòt, se pou nou refilete padon san limit Bondye montre nou atravè Kris la. Atravè senp zak lanmou ak padon, nou kapab konble vid, restore relasyon ki te brize yo, epi kreye yon anviwònman an amoni ak nan linite. Lè nou fè sa, nou vin tounen veso gras Bondye, pou nou gaye lanmou li nan yon mond ki bezwen gerizon. Se pou nou souvan sonje ke yo te padone nou anpil, epi se privilèj pa nou pou nou simaye padon ak lanmou sa a bay lòt moun.

Priyè Jodi a

Senyè, ede nou vin menm jan ak ou pi plis chak jou pandan n ap refilete lanmou w ak gras ou pou moun ki bò kote nou yo. Se pou pawòl nou yo ak aksyon nou yo ranpli ak jantiyès, konpasyon, ak padon kontrèman ak mond difisil epi kritik kote n ap viv la.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Justin Pickard

Kowòdonatè Rejyonal Lajènès Etazini/Kanada

Karantwazyèm Jou

Dimanch • 12 Me 2024



Jenèz 12:2

M ap ba ou anpil pitit pitit. Y a tounen yon gwo nasyon. M a beni ou. Y a nonmen non ou toupatou; w a sèvi yon benediksyon pou tout moun.

Apèsi sou Ekriti yo

Petèt ou te ka tandè fraz ki di “beni pou vin yon benediksyon,” ki soti nan alyans Abraram nan Jenèz 12:2. Bondye t ap beni Abraram e li t ap rann non l gran—yon fason pou Abraram ta vin yon benediksyon pou lòt moun.

Benediksyon lòt moun gen yon efè retou. Nan Jenèz 11, nou jwenn istwa Tou de Babel la, kote moun yo te vle konstwi yon vil avèk yon tou ki t ap touche syèl. Jenèz 11:4 di ke yo te vle “fè yon non [pou tèt yo].” Lè yo te fè sa, yo pa t ap gaye sou tout tè a. Dezi egoyis yo te gen efè opoze. Olye ke yo te rete rasanble an kominote, egoyis yo te fè yo gaye. Se toujou konsa.

Okontrè, nan Jenèz 12, Bondye pwopoze yon lòt chemen. Bondye beni Abraram. Abraram pa beni tèt li. Bondye pral fè non Abraram vin gran. Abraram pa t fè pwòp non l vin gran. Yo te rele Abraram pou l te pran benediksyon enkwayab nan relasyon ak Papa a, epi sèvi ak li pou beni lòt moun. Lè w fè sa, devine kisa? Abraram pral jwenn kominote! Pèp li a pral anrasinen yon sèl kote epi yo pa p gaye.

Si ou vle pou legliz ou a vin yon vrè kominote, sa, kòmanse nan beni lòt moun.

Priyè Jodi a

Papa, avèk anpil benediksyon ou te ba nou yo, nou vle pou nou se yon benediksyon pou kominote nou yo. Ede nou beni pwochen nou yo; lè nou fè sa, se pou yo vin konnen w epi swaiv ou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Scott Rainey

Direktè Jeneral, Lekòl Disip Entènasyonal Nazareyen an

Karantkatriyèm Jou

Lendi • 13 Me 2024



Nonb 6:24–26

Se pou Seyè a beni nou, se pou l' pran swen nou. Se pou Seyè a fè nou santi li la avèk nou, se pou l' gen pitye pou nou. Se pou Seyè a fè nou wè jan li renmen nou, se pou l' ban nou kè poze.

Apèsi sou Ekriti yo

Priyè nan Ekriti jodia se asirans ke Bondye se sous benediksyon yo. Li anonse volonte Bondye pou beni pèp li a epi li montre ke benediksyon an se ide Bondye. Benediksyon se pa bagay moun Bondye dwe mande; se yon kesyon de resewa epi pataje l bay rès mond lan.

Priyè sa pale de limyè prezans Senyè a ak rezilta ki genyen pou viv nan prezans divin li. Bondye ba nou fòmil benediksyon sa a paske li ekspriye volonte li pou reponn ak gras epi jenerozite. Senyè a pa ka tann pou l vire jwenn pèp li a, pou li souri ba yo, pwoteje yo, epi ba yo plenitud epi lapè total.

Kondisyon ki gen anvan pou benediksyon abondan e san limit sa a koule se prezans Senyè a. Enplikasyon an se ke benediksyon se inisyativ Bondye, kidonk li esansyèl pou tout jefò nou pou beni kominote nou yo se rezilta nan chèche direksyon Bondye. Epi, pwiske Bondye se sous la, nou ka gen asirans ke li pral bay resous ki nesèse yo. Sa ki pi enpòtan ankò, nou kapab kontinye avèk kran epi konfyans paske nou konnen n ap mande epi n ap ajì selon volonte li.

Priyè Jodi a

Papa, ede nou pou nou pa sere benediksyon ou yo pou tèt nou men pou nou gaye yo bay tout nasyon yo, selon volonte w ak direksyon w yo. Ede nou avanse objektif ou yo lè nou bay bòn nouvèl Jezikri a priyorite.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Samantha Chambo

Kowòdonatè Rejyonal Edikasyon, Legliz Nazareyen, Etazini/Kanada

Karantsenkyèm Jou

Madi • 14 May 2024



Pwovèb 11:11

Se bèl bagay pou yon lavil lè li gen moun serye ladan l'. Men, mekan yo ap detwi l' ak lang yo.

Apèsi sou Ekriti yo

Mache a—kote presyon yo monte, kote laperèz ak mefyans pouse nou mete etikèt sou moun olye pou nou koute yo, kote ensètitid pouse nou adopte pozisyon defansiv, kote “bouch mekan yo” pran anpil tan antèn. Nan espas sa a—pi wo sekirite Tanp lan ak chanm ki ranpli ak divès opinion, opimyon medya sosyal yo—pran risk ki dwat. Yo pa kapab gen mwens odas, paske kè yo te kaptire pa manda pou yo imite Bondye epi viv yon vi lanmou (gade Efezyen 5:1-2). Pou yo, yon sèl etikèt aplike pou tout moun ki se: pwochen.

Yo wè pwochen yo, yo gade nan je yo, yo aprann non yo, yo tandè istwa yo. Kont anvi pou yo pran avantaj oswa elimine risk pou pwòp resous yo, moun ki dwat yo mache nan mache a avèk imilite epi jenerozite nan lespri yo—yo koute, yo aprann, yo angaje yo avèk entegrite epi sansiblite, yo te anrasinen nan Kris la, yo te abiye avèk konpasyon epi jantiyès (gade Pwovèb 11:1-10; Kolosyen 3:12). Yo travèse tout kalite baryè ak divizyon. Tankou Samariten an. Menm jan avèk Jezi, ki te gen kouraj pou li prezan totalman nan moman reyèl bò kote moun ki rebèl yo ak moun yo meprize yo, bay egzanp epi bay lavi.

Espwa enstale l nan espas kote mekan yo te devasté. Avèk chak akolad ou bay pwochen w lan, tout kominote a leve.

Priyè Jodi a

Senyè Jezi, egzamine avèk nou dènye vennkatrè yo, dènye sèt jou sa yo. Ouwri je nou pou nou toujou wè tout sa ki bò kote nou epi pwochen ke w ap pousib yo. Se pou lavi nou vin yon benediksyon ki ka edifye moun k ap mache dwat yo.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Stan Rodes

Direktè Administratif, Devlopman Jeneral Klèje, Legliz Nazareyen an

Karantsizyèm Jou

Mèkredi • 15 Me 2024



Ezayi 41:10

Nou pa bezwen pè. Mwen la avèk nou! Nou pa bezwen kite anyen ban nou kè sote. Se mwen menm ki Bondye nou. M'ap ban nou fòs, m'ap ede nou. M'ap soutni nou ak fòs ponyèt mwen ki pa janm pèdi batay.

Apès sou Ekriti yo

Ezayi pote yon gwo nouvèl pou nou jodi a: Bondye avèk nou! Bondye nou an pa yon èt ki byen lwen, yon èt ki detache, yon èt ki inyore oswa ki pa angaje l ak limanite. Olye de sa, Bondye gen yon koneksyon etwat ak limanite, li deplase epi li travay nan mond nou an epi li vwayaje ak nou a chak etap nan wout la.

Pandan w ap chèche angaje kominote w la se menm jan Bondye angaje ak nou, petèt nou reflechi sou enèji, sou resous, ak lajan, epi tan ki nesèsè. Ou ka enkyete w pou w fè li “byen,” oswa ou pa sèten sou fason pou w vin yon pi bon benediksyon pou kominote w la, oswa menm kote pou w kòmanse. Se pou pawòl Ezayi yo pote espwa pou ou jodi a. Bondye ap fòtifye w epi ede w! Ou pa pou kont ou. Mete konfyans ou nan èd Senyè a epi l ap fè patenarya avèk ou pandan w ap devèsè benediksyon l ak lanmou l sou mond ki bò kote w la.

Bondye avèk nou—tou prè ou menm nan moman w ap li sa a—Bondye diy pou fè l konfyans pou li avèk ou pandan w angaje w nan mond lan. Bondye deja ap travay nan chak moun nou rankontre. Apèl nou se pou nou angaje nan travay Bondye deja ap fè, se pou nou kwè ke prezans Bondye toujou avèk nou.

Nou pa bezwen pè! Bondye avèk nou!

Priyè Jodi a

Bondye ki Sen an, ouvri je nou pou nou wè chemen w ap deplase yo epi travay w ap fè nan mond lan. Ba nou kouraj pou nou asosye avèk ou nan tout sa w ap fè. Ba nou asirans ke ou avèk nou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Bethany Acre

Pastè Lajenès ak Disip, Legliz Sant Nazareyen (Kansas)

Karantsetyèm Jou

Jedi • 16 Me 2024



Efezyen 1:3

Lwanj pou Bondye, Papa Jezikri, Seyè nou an. Se li menm ki beni nou nan lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la. Li ban nou tout kalite benediksyon pou nou ka viv dapre egzijans Lespri Bondye nan syèl la.

Apès sou Ekriti yo

Yon nonm te ale vizite Plas Yosemite National, men akòz yon konfizyon nan anplwa tan li, li te sèlman genyen inèdtan pou li pase la. Li te kouri ale nan katye jeneral kote jeran plas la epi li te di, “Mwen sèlman gen inèdtan pou mwen pase sou plas la—di mwen kisa mwen ta dwe wè.”

Jeran plas la te di, “Si w gen sèlman inèdtan pou pase sou Plas Yosemite la, donk konsèy mwen se monte nan pwen obsèvasyon ki pi wo a, gade tout plas la, epi kriye—paske inèdtan pa ase tan pou fè sa, jisitis.”

Mwen panse ak istwa sa lè Mwen li pasaj sa a. Pòl te sezi wè gwosè benediksyon li te resevwa ki soti nan men Bondye yo. De benediksyon l ap pale nan vèsè sa yo se: lespwa (1:18); pouvwa (1:19); lapè (2:14); libète ak konfyans (3:12); fòs (3:16); gras (4:7); zam Bondye a (6:11). Epi men pi bon pati a. Yo tout se pou nou, chak grenn ladan yo!

Panse sa a byen eksprime nan kantik familye a “Fidélite Ou Gran”: Padon pou peche ak lapè pwofon; prezans Sen ou pou gide mwen; fòs pou jodi a ak espwa pou klere demen; beni tout mwen menm, avèk dimil (10.000) bò kote!

Priyè Jodi a

Papa, mèsi pou benediksyon esprityèl ou ba nou gratis. Se pou nou pa janm pran yo pou aki oswa pou nou pa bliye ke tout don ki bon ak kado pafè yo soti anwo.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Daryl Blank

Pastè Prensipal, Legliz Nazareyen Springdale (Ohio)

Karantwityèm Jou

Vandredi • 17 Me 2024



Galat 3:14

Sa te fèt konsa pou moun ki pa jwif yo te ka rive resevwa benediksyon Bondye te pwomèt Abraram lan gremesi Jezikri, pou nou tout te ka resevwa Lespri Bondye te pwomèt la, paske nou te mete konfyans nou nan li.

Apèsi sou Ekriti yo

Anpil ane pase, Mwen te tande yon istwa premye men “Kite Pèp Mwen Ale,” ekri pa Cal Bombay de Toronto, Ontorio, Kanada. Nan yon nasyon ki pa gen non, yon nasyon lagè ak esklavaj ap ravaje, se te yon fason pou viv. Abitan nan nò yo te akapare fanm ak timoun nan sid yo—anpil ladan yo se kretyen—epi yo te vann yo pou sèvitè ak konkibin. Istwa yo te devaste. Bombay te pataje istwa ki dechiran, pafwa kolerik, nan misyon 1997 la pou te fè esklav yo retounen nan peyi yo nan sid, pou yo achte oswa rachte yo, epi libere yo ankò nan non Senyè a.

Literalman mo „rachte“ a vle di “achte yon lòt fwa”. Lanmò Jezi te rachte non sèlman desandan Abraram yo, men tou, tout nasyon (gade Jenèz 12:3). Benediksyon Abraram te bay la se yon bagay ki pi presye pase pwosperite oswa onè; se benediksyon pou yon pozisyon devan Bondye atravè lafwa. Menm benediksyon sa a se pou tout moun ki vle vin jwenn Jezikri atravè lafwa! Gad yon libète!

Legliz, benediksyon sa a nou resevwa a twò espektakilè pou nou kenbe li anndan pwòp kay nou yo. Nou dwe pataje bon nouvèl redanmsyon sa a avèk pwochen nou yo, pou yo menm tou yo ka jwenn benediksyon lè yo an règ devan Bondye! Èske w ka temwaye ou resevwa yon benediksyon konsa?

Priyè Jodi a

Presye Sovè, se pou nou pa bliye sakrifis ou pou redanmsyon nou. Sentespri, nou resevwa w pa lafwa. Papa, ba nou opòtinite ak kran pou nou pataje benediksyon sa a avèk lòt moun ki grangou pou yon bon nouvèl konsa.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Rose Brower-Young
Sirentandan Distri, Lwès Kanada

Karantnevyèm Jou

Samdi • 18 Me 2024



1 Pyè 3:8

Pou fini, nou tout nou dwe dakò yonn ak lòt, se pou nou gen menm santiman yonn pou lòt. Se pou nou yonn renmen lòt tankou frè ak sè, se pou nou gen bon kè, san lògèy.

Apèsi sou Ekriti yo

Poukisa yo plase lanmou an twazyèm pozisyon nan Ekriti yo jodi a? Ansèyman Pyè a nan chapit ki mennen nan vèsè sa a radikalman kont kilti pou moun ki t ap viv nan menm epòk avèk li yo e yo vrèman ofansif pou zòrèy modèn nou yo. Vèsè sa a sèvi kòm yon egzòtasyon final pou sa ki te vini anvan yo epi yon entwodiksyon pou sa k ap vini aprè yo. Pyè dirije ansèyman li bay moun ki te resevwa levanjil la epi ki vle viv li fidèlman nan mitan monn nan kote nou ye a.

Pyè egzòte lektè li yo pou yo enkane senk bèl kalite. Premye a se, “pataje menm lespri,” epi dènye a se, “se pou nou enb,” fè fas avèk konpreyansyon nan kominote a epi, an reyalite, pataje yon mo ki gen menm rasin. Dezyèm lan, “se pou nou gen senpati,” epi katriyèm lan, “se pou nou gen konpasyon,” fè fas avèk emosyon epi pasyon.

Nou kite twazyèm lan, “se pou youn renmen lòt,” ki rete otonòm. Nan Kòmantè Biblik sou Nouvo Baliz la nan 1 Pyè, Dan Powers rekonèt estrikti ki fèt an kwa nan lis sa a ki plis kouran nan literati ebre pase literati grèk la (a-b-c-b-a).

Estrikti an fòm kwa a ba nou endis kle sou rezon ki fè lanmou an plase an twazyèm pozisyon nan lis la. Li se vèti kadinal la, kote tout lòt bèl vèti yo atache, epi li ekspriye nan kominote kretyen an atravè volonte nou pou nou gen yon sèl lespri (menm lespri epi enb) ak yon sèl pasyon (gen senpati, gen konpasyon).

Priye Jodi a

Papa nou ki nan syèl la, Se pou Pawòl ou a vin reyalite ki domine lavi nou ansanm. Se pou nou fè eksperyans bèl kalite sa yo nan kominyon youn ak lòt pandan n ap chwazi ak imilite pou nou dakò ak verite ou revele epi patisipe avèk pasyon nan soufrans youn lòt. Nou priye sa nan non Jezi e pou lanmou Jezi.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Scott J. Sherwood
Prezidan, Kolèj Biblik Nazareyen an

Senkantyèm Jou

Dimanch Lapannkot • 19 Me 2024



Lik 24:49

Mwen menm, mapral voye ban nou sa Papa m' te pwomèt la. Nou menm, rete lavil Jerizalèm jouk pouvwa k'ap soti anwo nan syèl la va desann sou nou.

Apèsi sou Ekriti yo

Pannkot la te kòmanse tankou yon ti chita pale: dènye pawòl Jezi te ekri yo se te pou “rete nan vil la.” Pou pote Levanjil la bay nasyon yo, fòk yo te “abiye ak pwisans ki soti anwo a”. Mo “pouvwa” nan Ansyen Testaman an fè referans ak gwo fòs imen (panse ak Samson, pa egzanp). Pawòl ki nan Nouvo Testaman an pa fè referans ak fòs imen, men ak pisans divin. Mo grèk dunamis la, epi nan li nou jwenn mo angle “dynamo” ak “dinamit”. Pwisans divin lam elektrik epi eksplozif.

Jezi te aji “ak pwisans Lespri a” (Lik 4:14), e li te pwomèt pou l abiye nou ak menm pwisans sa a. Se yon pwisans ki kapab fè anpil plis pase sa nou pa ka konte oswa imajine (Efezyen 3:20). Se yon pwisans rezirèksyon (Efezyen 3:18–20). Yon fwa yo te resevwa kalite pouvwa sa a, yon “chita pale” pa t posib. Pwisans sa a te lakòz yo te “voye ale” pou yo akonpli sa ki te enposib la! Jan Samuel Chadwick te remake l la, nan Jou Pannkot la, “pa gen moun ki te bezwen mande si yo te resevwa Sentespri a. Dife a se te ale sou yo. Se konsa pwisans lan te ye tou!”

Priyè Jodi a

Nan Jou Pannkot sa a, nou mande w pou abiye nou avèk pisans divin ou, yon “pisans nou pa ka konte”, yon pisans rezirèksyon, yon pwisans ke yo pral epwouve nou e ki pral fè pase nan pozisyon kote chita pou ale nan pozisyon kote y ap voye nou.

Kisa Lespri a di w jodia?

—Stan Reeder

Direktè, Rejyon Etazini/Kanada, Legliz Nazareyen an